ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№110 (22.768) • 2014 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 5, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

**Мамий А. М. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр фІэщыным и Іуэхукіэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ зегъэужьыным куэд зэрыхищІыхьам папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр фІэщын **Мамий Аслъэнбий Мухьэдин и къуэм** - Кэнжэ къуажэм Щэнхабзэмкіэ и унэм и аккомпаниаторым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2014 гъэм накъыгъэм и 29-м*
*№122-УГ*

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр яфІэщыным и Іуэхукіэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Библиотекэм и Іэнатіэм зегъэужьыным къаруушхуэ зэрырахьэлІам икІи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр яфІэщын

**Ахъуэхъу Тамарэ Суіэдин и пхъум** - «Щэджэм централизованнэ библиотекэ системэ» муниципальнэ кІэзонэ щэнхабзэ Іуэхущ1анІэм Щэджэм ЕтІуанэ къуажэм дэт и къудамэм и унафэщІым

**Гуэнгъэпщ Наталие Борис и пхъум** - «Прохладнэ муниципальнэ районым щыщ Солдатскэ станицэ къуажэ жылагъуэм и щэнхабзэ-нэгуэгъэужьыныІэ центр» муниципальнэ кІэзонэ щэнхабзэ Іуэхущ1анІэм и библиотекэм и унафэщІым

**Мокаевэ ФатІимэт Кичибатыр и пхъум** - Шэрэдж муниципальнэ районым Мечиев Кязим и цІэр зезыхьэ и район библиотекэм и сабий къудамэм и унафэщІым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2014 гъэм накъыгъэм и 29-м*
*№123-УГ*

**Дзыхьмыщі А. Ю. теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Дзыхьмыщі Артур Юрий и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэралыр зыхуейхэм папщІэ заказхэр хэгуэшэныжмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІым и къулыкъум тегъэкІын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэралыр зыхуейхэм папщІэ заказхэр хэгуэшэныжмкІэ и къэрал комитетыр зэрызэхуащІыжам къыхэкІыу.

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2014 гъэм накъыгъэм и 29-м*
*№124-УГ*

**Гуэбзщыкі А. Ю. теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Гуэбзщыкі Аслъэн Юрий и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ щІыхуэм зэрызыхуагъэзэжам хэлъэныжмкІэ и Іуэхущ1анІэм и унафэщІым и кІуэлъкъуэ щхьэщыхьэм, нэгъуэщІ лэжьакІэм зэрыкІуэм къыхэкІыу.

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2014 гъэм накъыгъэм и 30-м*
*№125-УГ*

## Мы махуэхэм

Мэкъуауэгъуэм и 5, *махуэку*

♦**Дыкъэзыхъуреихь дунейр хъумэным и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм и экологым и махуэщ**

♦**Дание пащтыхьыгъуэм и Конституцэм и махуэщ**

♦1945 гъэм Германиер зэрысхагъэщІамкІэ икІи СССР-м, США-м, Инджылызым, Франджым я правительствэхэм Германием и власть нэхъыщхьэм и къалэнхэр зэрагъэзэщІэнумкІэ декларацэм Іэ тридзащ.

♦Журналист, БкБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Бекъан Чыланий** и ныбжьыр илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Адыгей усакІуэ, зэдзэкІакІуэ **Хъунэгу Нуриет** къыщалъхуа махуэщ. Хуабэр махуэм градус 22 - 25-рэ, жэщым градус 12 - 14 щыхъунущ.

♦УФ-м щІыхь зиІэ и мелиоратор **Мамхэгъ Алексей** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Адыгэ усакІуэ **Бещтокъуэ Хьэбас** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Радиожурналист **Къудей Лидэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, шэрджэс еджагъэшхуэ **Мамбэт Мурадин** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.

♦Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш университетым и профессор **ФиІэпщэ Владимир** и ныбжьыр илъэс 47-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэрэтхьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 24-рэ, жэщым градус 14 - 15 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Мэкъуауэгъуэм и 6, *мэрем*

♦**ООН-м урысыбзэм и махуэр щагъэлъапІэ**

♦**Пушкин и махуэр Урысейм щагъэлъапІэ.** 1799 гъэм урыс усакІуэщхуэ **Пушкин Александр** къалъхуащ.

♦Швецием и махуэщ - Швецие пащтыхьыгъуэм и махуэшхуэщ

♦1944 гъэм ЕтІуанэ фронтыр къызэІуахащ.

♦1945 гъэм «1941-1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм и къару емыблэжу зэрылажьам папщІэ» медалыр ягъэуващ.

♦Адыгэ усакІуэ, тхакІуэ, «СССР-м егъэджэнымкІэ и лэжьакІуэ нэхъыфІ» дамыгъэр зыхуагъэфэща **Апажэ Ахьмэд** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик, Гъуазджэхэм-кІэ Петровскэ академием и академик, УФ-м метеорологиемкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Хьэжбарэ** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик **Абыдэ Мусэ** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэрэтхьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 24-рэ, жэщым градус 14 - 15 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Льэпкъ Іущыгъэ:

**Хьэл зыхэлъхьэ жаІэмэ, зыхэдзынІа хуейуэ аращ.**

КъБР-м и Парламентым и Президиумым

# ЩІыпІэ унафэр зегъэкІуэнымкІэ щапхъэ хъарзынэщ

**Республикэм законхэр къыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэм и президиумым и зи чэзу зэІущІэр иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Чеченов Ануар. Правительствэм хухаха зэманым хиубыдэу абы щытепсэлъыхьащ «Урысей Федерацэм щыпІэ унафэр щызегъэкІуэнымкІэ псоми яхуэгъэза хабзэ нэхъыщхьэхэм я Іуэхукіэ» 2003 гъэм жэпуэгъуэм и 6-м къащта Федеральнэ закон №131-ФЗ-р Новэ Балъкъэр къуажэм ехьэлІауэ гъэзэщІа зэрыхъумрэ Іуэхум хэлъ гугъуехьхэмрэ ятеухуауэ а жылагъуэм и Іэтащхьэ Текуев Къурмэнбий ищІа докладым.**

АДМИНИСТРАЦЭМ и Іэтащхьэр зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ къуажэм и социально-экономикэ щытыкІэм. Мыбы цІыху 1100-м нблагъэ щопсэу. Администрацэм и унафэм щІэтщ лІэужьыгъуэ зыбжанэм хиубыдэ щІыуэ гектар 2400-м щІигъу. Мыбы ныбжьыщІэ 415-м ятещІыхьа курыт еджапІэ, сабий 60 зыщІэхуэ сабий сад, махуэ стационар зыхэт дохутыр амбулаторэ, тІысыпІи 120-рэ зиІэ Щэнхабзэ унэ, нэгъуэщІ административнэ, социальнэ Іуэхущ1анІэ зыбжанэ дэтщ.

Текуев Къурмэнбий и докладым къызэрыхэщамкІэ, Новэ Балъкъэр къуажэм лэжьагъуэ ныбжьым ит цІыхуу 672-рэ дэсщ, абыхэм ящыщу 497-р Іэнатіэ пыухыкІахэм бгъэдэтщ. ЦІыхухэр лэжьапІэкІэ къызэгъэпэщынымкІэ Тэрч муниципальнэ районым и центрым лэжьапІэншэу щатхахэм я бжыгъэр 15 мэхъу.

Лэжьапіэншэхэм я бжыгъэр нэхъ мащІэ ищІын папщІэ администрацэр цІыхухэм ядоІэпыкъу уней лъапсэхэм зэрызрагъэжьын, хьэрычэт Іуэху мынкъэр зэрызэтрагъэувэн кредитхэр кьеІыхыныкІэ.

***(КІэухыр 2-нэ нап.).***

● Фэеплъ

# ЩІыхубэ усакІуэр ягу къагъэкІыж

**КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ, СССР-м, РСФСР-м я Къэрал, Ленин саугъэтхэм я лауреат Кулиев Къайсын дунейм щехьажа махуэм ирихьэлІэу, гъэ къэси хуэдэу, цІыхушхуэ щызэхуэсат Кулиевым и цІэр зезыхьэ уэрамым тет абы и фэеплъым деж. Абыхэм яхэтт усакІуэм и благъэхэр, Іыхьлыхэр, ныбжьэгъуэхэр, лъэпкъ интеллигенцэр, и Іэдакъэщі экІэхэр фІыуэ зыльгъуэхэр.**

КъБР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и тхьэмадэм и къуэдзэ **Бегиев Абдулыхь**, философие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Эфендиев Сэлихь** сымэ жаІащ гъащІэм гугъуехь куэд щилъэгъуэми, пщІэрэ нэмысрэ зыхэлъ цІыху пэжу Къайсын дунейм зэрытетар, усакІуэр зэи ягу зэримыхунур. Абдулыхьрэ Сэлихьрэ Кулиевым и усэра абы хуатхарэ зэхуэсахэм къахуеджащ.

Зэхьыхэм хэтащ Ростов къикІыу фэеплъ пэкІум зыкърезыгъэхьэлІа усакІуэ, зэдзэкІакІуэ, театр гъуазджэмкІэ щІэныгъэлІ **Пряжников Александр**. Абы жиІащ Кулиев Къайсын цІыху пэжу дунейм зэрытетар, ростовдэсхэм абы и усэхэр фІыуэ зэралъагъур, я щІыпІэм ар куэдрэ зэрыщІхьэщІар, усакІуэ ныбжьыщІэхэм яІуащІэу, чэнджэщ щхьэпэжр яриту зэрыщытар гуапэу ягу къызэрагъэкІыжьр.

Щыгъуэ пэкІум къыщыпсэльащ Щэджэм район администрацэм и Іэтащхьэ **Уэдыжь Хьэсанш**. ХьэрыхьэлІахэм абы фІыщІэ яхуищІащ дуней псом къыщащІыхуа Кулиевыр ягу къагъэкІыжыну зэрызэхуэсам папщІэ. УсакІуэ гъуэздджэм и фэеплъым удз гъэгъахэр трапъхьа нэужь, зэхьыхьэм щыпащэну псори иригъэблэгъащ Кулиевыр къыщалъхуа икІи щыщІалъхьэжа Щэджэм къалэм, абы дэт и фэеплъ-музеим. КърихьэлІахэм абы зыщалпІыхьащ, усакІуэм и гъащІэмрэ и гуащІэмрэ тепсэлъыхьащ, и усэхэм кьеджащ.

**ТЕКІУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтыр* **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

● Іуащхьэмахуэ щІынатъэ

# Псыдзэм зэтрикъутахэр зэрагъэпэщыж

**Тхьэмахуэ кІуам щыІа уэлбанэшхуэр Іуащхьэмахуэ районым и жылагъуэ зыбжанэм зэран яхуэхьуащ. Къапщтэмэ, Гундэлэн къуажэм псы къиуам щызэтрикъутащ газ зрикІуэ бжьамий гъуэгум щыщу метр 350-м нэблагъэ. Къуажэ сымаджэщыр зытет уэрамым хиубыдэ унэхэми псыр ящІэуащ.**

ГУГЪУЕХЬ куэд къыщыхъуащ Тырныауз къалэмэ. Абы и инщэ Іыхьэм щыІэ псы къыщІэжкыпІэр, Гирхожан аузым ирикІуэ автомобиль гъуэгур псыдзэм ильэсащ. Апхуэдэу ятІэпсыр ящІэуащ электроподстанцэм ящыщ зым, муниципальнэ гъэгу щхьэхуэхэ зэтрикъутащ. Унагъуитху псыи уэздыгъи ямыІэу къэнащ.

Зэранытъэ игъуэтащ Былым къуажэм и инфраструктурэми. Абы псы, газ къызэрекІуалІэ бжьамийхэм ящыщ Іыхьэхэр ятІэпсым зэпитхащ, Былым - Актопрак автомобиль гъуэгум щыщ Іыхьэ ятІэм щІигъэнащ.

Уэлбанэшхуэм къихьа зэранытъэхэм ящыщ куэдым я лъэужьхэр ягъэзэкІуэжащ. Лэжьигъэхэр иджыри къагъэтІасхъэрэкъым. Районым и лъэжьакІуэхэм зэрахуэзэфІэкІкІэ къадоІэпыкъу КъБР-м Ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министерствэр.

**ТАРИМ Алисэ.**

# Гъуэгущ1эр мы гъэм яухынущ

«Урысей Ипщэ (2008-2013 гъэхэм)» федеральнэ программэ хэхам хиубыдэу яухуэ Кисловодск - Нартсанэ Ауз - Джылы-Су - Іуащхьэмахуэ автомобиль гъуэгур мы гъэм хьэзыр ящІыну я мурадщ.

Къуршым лэжьыгъэхэр щебгъэкІуэкІыну тыншкъым, дунейм и щытыкІэм махуэм зыбжанэрэ зехьуэж. Ауэ Іэщ1агъэлІхэм километр 72-м щыщу километр 62-м асфальтыр телъхъэн яухащ. Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм хиубыдэу километр 11 щІадзауэ къагъэсэбэп.

Гъуэгум Ставрополь крайр, Къэрэшей-Шэрджэсыр, Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрызэпимщІэм къыдэкІуэу абы «Джылы-Су» псы хущхъуэхэм зыщызыгъэпсэхуну туристхэр куэд щызекІуэнущ.

***КъБР-м Транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1анІэ.***

# Гъатхасэр иджыри яхунэгъэсакъым

Мэкъумэшыщ1эхэм хуабжьу зэран къахуохъу уэлбанэ кІыхьыр. Зэкіэ гъатхасэ къэкІыгъэхэм ящыщу щІым халъхьар процент 80-рщ (гектар мини 180-рэ хуэдиз). Нобэкіэ яхунэгъэсакъым ібавапхъэ нартыхур, сэхураныр хэсэныр. Абы кьыхэкІыу уэфІ щыхъуа дэтхэнэ зы сыхьэтри къызэрагъэсэбэпыным къуажэдэсхэр хущІокІу.

Уэлбанэшхуэм хэщІыныгъэ пыухыкІахэри кьихьащ. Районым администрацэхэм кьата бжьигъэхэм ятепщІыхьмэ, гъавэр къытрагъэзэжу щыхасэжьын хуейщ гектар мини 4-м щІигъуи. АхъшэкІэ кІапщтэмэ, хэщІыныгъэхэр сом мелуани 128-рэ хуэдиз хьуурэ кІалъытащ.

Дунейр сыт хуэдэу щымытми, Іэщ1агъэлІхэм къызэрабжамкІэ, дызэрытилъэсым КъБР-м гъавэрэ джэшэкІыу тонн мин 800-м щІигъу, кІэртІофу тонн мин 250-рэ, хадэхэкІыу тонн мин 370-рэ къыщыхьэлІэну я мурадщ.

**САМЧЕНКЭ Светланэ.**

*КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1анІэ*

Мэкъуауэгъуэм и 6, *мэрем*

♦**ООН-м урысыбзэм и махуэр щагъэлъапІэ**

♦**Пушкин и махуэр Урысейм щагъэлъапІэ.** 1799 гъэм урыс усакІуэщхуэ **Пушкин Александр** къалъхуащ.

♦Швецием и махуэщ - Швецие пащтыхьыгъуэм и махуэшхуэщ

♦1944 гъэм ЕтІуанэ фронтыр къызэІуахащ.

♦1945 гъэм «1941-1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм и къару емыблэжу зэрылажьам папщІэ» медалыр ягъэуващ.

♦Адыгэ усакІуэ, тхакІуэ, «СССР-м егъэджэнымкІэ и лэжьакІуэ нэхъыфІ» дамыгъэр зыхуагъэфэща **Апажэ Ахьмэд** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик, Гъуаздджэхэм-кІэ Петровскэ академием и академик, УФ-м метеорологиемкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Хьэжбарэ** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик **Абыдэ Мусэ** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэрэтхьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 24-рэ, жэщым градус 14 - 15 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Льэпкъ Іущыгъэ:

**Хьэл зыхэлъхьэ жаІэмэ, зыхэдзынІа хуейуэ аращ.**

● Іэпщэрыбанэ зауэ

# Европэм и чемпионхэр

**Урысейм и командэ къыхэхам Іэпщэрыбанэ зауэмкІэ Европэм и чемпионатым ялэ увыпІэр къыщихьащ. Ди бэнакІуэхэм я текІэныгъэм хэлъхьэныгъэ екІу хуащІащ зи зэфІэкІ лъагэр зыгъэльэгъуа Къэбэрдей-Балъкъэрым и ліыкІуэхэм.**

ДУНЕЙПСО класс зиІэ спортым и мастерхэу, 2013 гъэм дуней псом и чемпион хъуахэу Беслъэней Нурмухьэмэдрэ Мырзэкъан Азэмэтрэ щызэуэ хьэлъагъым щынэхъ лъэщу зэрыщытыр иджыри зэ щІагъэбыдэри, нэхъапэм зыІэрагъэхьа екъуІэныгъэхэм Европэм и чемпион зэрыкъуар дыщІагъуащ.

Тренерхэу Мамхэгъэх Хьэчимрэ Іэдэмрэ я гъэсэнхэм зэІущІэ пліырыплІ ирагъэкІуэкІати, псоми текІуэныгъэ щызыІэрагъэхьащ.

Зэхьэзэхуэхэр Чехием и къалалащхьэ Прагэ щекІуэкІащ. Абы хэтащ къэрал 22-м я ліыкІуэ 97-рэ.

***КъБР-м Спортымкіэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1анІэ.***

# Хъумапіэ банкым дэлэжьэнухэр ирегъэблагъэ

**Урысейм и ХъумапІэ банкым зегъэужьыныжмкІэ стратегием и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ абы ахъшэр щызезыгъакІуэхэм зэІуахуэ икІи дзыхь яку дэлъу ядэлажьэныр. Ауэ зи ахъшэ ихъумэхэм я закъуэкым банкыр зыпщІар.**

Бизнесым и Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм абы кьыщыдэлажьэну хуейхэм папщІэ Іуэхущ1анІэм и сайтым кьыщызэІуихащ «Ди лэжьэгъуэхэм гу зылъатапхъэ» Іыхьэр. Ар кьызэІупхыу кІапщІэ хъунущ банкым иригъэкІуэкІ сату Іуэхуэхэр зыхуэдэр, абы и деж ямыгъэІэпхъуэ мылькум щыщ кьызэрыщыщхэу е бэджэнду кьызэрыщыщтэ хъуну щІыкІэр е апхуэдэ мыльку езым зэрепщэнур.

«ХъумапІэ банкым и сайтыщІэр промышленностым и Іэнатіэ нэхъыщхьэм хиубыдэу 2014 гъэм и мазаем кьызэІуахащ. Абы и кІэлъ нэхъыщхьэр дэтхэнэ ди лэжьэгъури зыхуей хуэгъэзэнырщ», - къыджиІащ Урысейм и ХъумапІэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр Іуэхущ1анІэм и унафэщІ Урысбий Хьэмидбий.

# Газетхэмрэ журналхэмр Іэ щІэвдз хъунущ

2014 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм кърагъэхьыну газетхэмрэ журналхэмрэ нобэ щегъэжьауэ Іэ щыщІратІэздз «Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал Іуэхущ1анІэм и къудамэу КъБР-м щыІэм и пощт Іуэхущ1анІэ псоми.

Республикэм и пощт лэжьакІуэхэм цІыхухэм Іэ зыщІадза газетхэмрэ журналхэмрэ я зэманым кьриубыдэу унагъуэхэм хуахьынущ е ахэр пощтым и Іуэхущ1анІэхэм къыщезыІыхьыжыну хуейхэм апхуэдэ Іэмал иратынущ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щІэдзыным пыщІа Іуэхухэм фэ нэхъ зэпкърыхауэ щыгъуазэ зыщыфщІхунущ пощтым и дэтхэнэ Іуэхущ1анІэмэ.

***«Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал Іуэхущ1анІэм и къудамэу КъБР-м щыІэ.***

# Щ1ыпI1э унафэр зегъэк1уэнымк1э щапхъэ хъарзынэщ

*(К1эухыр. Пэщ1эдзэр 1-нэ нап.).*

Текуев Къурмэнбий

Социальнэ I энатI эм хиубыдэу къуажэм дэт Iуэхущ1апI э псори бжьамий-к1э къек1уалI э газымк1э ягъэплъ. Къуажэм и уэрам нэхъыщ1хьэмрэ абы дэк1уэ лъэс зек1уапI эхэмрэ асфальт тельщ, автобус къэвы1апI эхэр тэмэму зэгъэпэщащ. Жылагъуэм и адрей уэрамхэми мывэк1ащ1ъ те-к1утащ.

- Иджыпсту къуажэм хъеблэщ1э щ1ауху. Унагъа-щ1эхэм ящыщу псэупI э хуэнык1уэхэм я лъапсэхэр к1ыщрагъэпэщ1ыкI эм щ1ы Iыхьэхэр хухахащ. А щ1ы Iыхьэхэр жылагъуэм и к1ыхуэым хеубыдэри, зыхуеину коммуникацэ псори ик1уалI э, - жи1ащ жылагъуэ I этащ1ыхьэм.

Псалъэм къыдэк1уэу К1ЬР-м и Парламентым и Унафэщ1 Чеченов Ануар Ю1эупщ1ащ сабий куэд зи1э унагъуэу Новэ Балъкъэрым дэсхэр зыхуэдизым, абы-хэм зэрадэ1эныкъу щ1ы-к1эм. Администрацэм и I э-тащ1ыхэм зэрыжи1амк1э, ап-хуэдэ унагъуэхэр 11 мэхъу-ри, балигъ хъууэ хэк1ыну мурад зыщ1ащ щ1ы Iыхьэ зыхухамыха яхэткъым.

Текуев Къурмэнбий къ-ГъэлъэгъуащI «Урысей Фе-дерацэм щ1ыпI э унафэр щ1ыгъэк1уэнымк1э псоми яхуэгъэза хабзэ нэхъыщ-хьэхэм я Iуэхук1э» Федера-льнэ законыр гъэзащ1эным и лъэныкъуэк1э щ1ы Iэгуъ-ехьэхэр. Абыхэм ящыщу нэ-хъыщ1хэ дыдэу къэпльытэ хъунущ щ1ыпI э унафэр зезыгъак1уэ органхэм къаб-гъэдэхэу къ1алэнхэр нэсу яг1ъэзащ1эн папщ1э зы-хуеинуахъшэм хуэдизу къы-зэрагъэпэщ1ыну I эмал зэрамы1эр. К1ьапщтэмэ, щ1ыпI э унафэр зезыгъак1уэ органхэр зэрахъэфащэк1э хэты-фырк1ым дэтхэнэ жылагъуэми к1ырибыдэу къызэ-рымык1уэ щ1ытык1эхэр къы-щ1ымыгъэхъунымрэ абыхэм к1ахьа к1ылейсызыгъэхэм я лъэужьхэр гъэзэк1уэжы-нымк1э лэжьыгъэхэм. Ап-хуэдэу к1эрал властым зы-хуэфащэ и органхэр щ1э-гъэкъуэн нэс к1ахуэмы-хьымэ, абыхэм я к1ауркI э к1ахуэзгъэпэщ1ынукъым щ1ыуэпсым и щ1ытык1эм, техникэр къызэрагъэсэбэ-пым я пщ1ыдэу къыкъуэк1 къызэрымык1уэ щ1ытык1э-хэм цыхуэхэмэ щ1ыналъ-хэмрэ я щ1ыхьымэныр.

Новэ Балъкъэр къуажэм и администрацэм и I эта-щ1ыхьэм зэрыжи1амк1э, мы жылэм и уэрам зыбжанэм лъхьэм К1ЬР-м и Парламентым Бюджетымк1э, налогхэмрэ финансхэмк1э и комитетым хэт Шыбзыхьуэ Мухьэмэд зэрыжи1амк1э, зэхъуэк1ыпI эхэм я пк1э ит к1э фондым и хэхъуэхэр сом 1 мелардрэ мелуан 327,6-к1э нэхъыбэ хъууэ, сом меларди 6-рэ мелуан 733,9-м нэсын хуейщ. Фондым и ахъшэм хэхъуэм и нэхъыбэр (сом зы мелард-рэ мелуан 288,6-рэ) Фl э-к1ыпI э зимы1э медицинэ страховани и I ы-хьэм к1ыщагъэльэгъуащ. Зэрыщ1ыту къ1ыдисциеу къуж-тI ыпщынущ. А ахъшэр зыт-регъэк1уэдэнур перинатальнэ центрыр щ1ынымрэ лажьэу утI ыпщ1ынымрэщ и к1и а Iуэхур фондым и бюджетым хэщ1хэмк1э и Iы-хьэм к1ыщагъэльэгъуащ. Зэрыщ1ыту къ1ыдисциеу, хэщ1хэр сом 1 мелард-рэ мелуан 511,7-к1э нэхъыбэ хъунущ. Фl эк1ыпI э зимы1э медицинэ страховани и I эухущ1апI эхэм хуаутI ып-щ1ыну ахъшэр сом мелуани 184-м щ1игъук1э, медицин-эм и лэжьак1уэхэм я хэщ1-хэр зэрыхуапшыныж ахъ-шэр сом мелуан 39-к1э нэ-хъыбэ я щ1. Бюджетыр щ1ы-щащтам щ1игъуэ зэхуэхъу щ1ытащ, ауэ абы иджы сом мелуани 184-рэ хурик1ынуку-къым.

Депутатхэр тепсэлъы-хьащ «2013 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республик-эм Фl эк1ыпI э зимы1э ме-дицинэ страховани эк1э и щ1ыналъэ фондым и бюджетыр гъэзащ1э зэрыхуам и I эухук1э» К1ЬР-м и закон-ным и проектым. Зэрыжа-I амк1э, мы I эухум зыубгъуауэ тепсэлъыхьыным папщ1э зэIущ1эшхуи 2014 гъэм мэкъуауэгъуэм и 5-м ек1уэ-к1ынущ.

Ищхьэк1э къыщыгъэлъэгъуа документхэр Парламентыр гъатхэ сессием зэ-лэжьыныIуэхуи зыщ1ыхьэхэм хагъэхьащ и к1и хуащ1 да-гъуэхэмрэ хэлъхьэжьыпхъэу къальытэжэм я гъэхъэ-зырын папщ1э депутатхэм, зыхуэфащэ I энатI эхэм я лэжьак1уэхэм хуагъэхьащ.

Депутатхэм я щ1ащтащ щэнхабзэм зегъэужьынымк1э лэжьыгъэфI зэрилэм папщ1э «Мэлбахъуэ Т. Къу-ек1эгъ гъэзащ1эным инвестицэкъ къ1ухуэщ1эгъэуIуэ-нымк1э лэжьыгъэхэр нэхъ жьыджэру иригъэк1уэк1ыну. Псалъэмакъым и к1эухым депутатхэм къагъальэгъуащ Новэ Балъкъэр къуажэм и I этащ1ыхьэм Федера-льнэ закон №131-р гъэ-защ1эным пыщ1ауэ къыхи-гъэщхьэхук1э гугъуехьэхэ К1ЬР-м и муниципальнэ щ1ыналъэхэм я нэхъыба-пI эм зэрыщ1ыIэр.

Адэк1э зэIущ1эм щ1ыхэп-льащ «2014 гъэм, 2015, 2016 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэ-бэрдей-Балъкъэр Республикэм Фl эк1ыпI э зимы1э ме-дицинэ страховани эк1э и щ1ыналъэ фондым и бюджетым и I эухук1э» К1ЬР-м и Законым зэхъуэк1ыныгъэ-хэр хэлъхьэным теухуауэ» законым и проектым. Ар депутатхэм я пащ1ыдэ к1ыщри-псы зрик1уэ бжьамий кхъа-хэхэр щ1ызэрахъуэк1ын, школым и пщ1анI эр зэ-Iуэзэпэщ1 я щ1ын, г1ъуэгухэр зэрагъэпэщ1ыжын хуейщ. Уэрам нэхъыщ1хьэм автома-шинэ куэд зэрыщ1эк1уэм къыхэк1ыу зэпык1ыпI э пыу-хык1ахэр зэгъэпэщ1ынхуейщ, курыт едж а I эм щ1эс са-бийхэр шынагъуэ къате-мыхьэу едж а I эм к1ун, к1эхъуэным папщ1э. Текуев Къурмэнбий къ-гъэльэгъуащ «Урысей Фе-дерацэм щ1ыпI э унафэр щ1ызегъэк1уэнымк1э псоми яхуэгъэза хабзэ нэхъыщ-хьэхэм я Iуэхук1э» Федера-льнэ законыр гъэзащ1эным и лъэныкъуэк1э щ1ы Iэгуъ-ехьэхэр. Абыхэм ящыщу нэ-хъыщ1хэ дыдэу къэпльытэ хъунущ щ1ыпI э унафэр зезыгъак1уэ органхэм къаб-гъэдэхэу къ1алэнхэр нэсу яг1ъэзащ1эн папщ1э зы-хуеинуахъшэм хуэдизу къы-зэрагъэпэщ1ыну I эмал зэрамы1эр. К1ьапщтэмэ, щ1ыпI э унафэр зезыгъак1уэ орган-хэр зэрахъэфащэк1э хэты-фырк1ым дэтхэнэ жылагъуэми к1ырибыдэу къызэ-рымык1уэ щ1ытык1эхэр къы-щ1ымыгъэхъунымрэ абыхэм к1ахьа к1ылейсызыгъэхэм я лъэужьхэр гъэзэк1уэжы-нымк1э лэжьыгъэхэм. Ап-хуэдэу к1эрал властым зы-хуэфащэ и органхэр щ1э-гъэкъуэн нэс к1ахуэмы-хьымэ, абыхэм я к1ауркI э к1ахуэзгъэпэщ1ынукъым щ1ыуэпсым и щ1ытык1эм, техникэр къызэрагъэсэбэ-пым я пщ1ыдэу къыкъуэк1 къызэрымык1уэ щ1ытык1э-хэм цыхуэхэмэ щ1ыналъэ-хэмрэ я щ1ыхьымэныр.

Новэ Балъкъэр къуажэм и администрацэм и I эта-щ1ыхьэм зэрыжи1амк1э, мы жылэм и уэрам зыбжанэм лъхьэм К1ЬР-м и Парламентым Бюджетымк1э, налогхэмрэ финансхэмк1э и комитетым хэт Шыбзыхьуэ Мухьэмэд зэрыжи1амк1э, зэхъуэк1ыпI эхэм я пк1э ит к1э фондым и хэхъуэхэр сом 1 мелард-рэ мелуан 327,6-к1э нэхъыбэ хъууэ, сом меларди 6-рэ мелуан 733,9-м нэсын хуейщ. Фондым и ахъшэм хэхъуэм и нэхъыбэр (сом зы мелард-рэ мелуан 288,6-рэ) Фl эк1ыпI э зимы1э медицинэ страховани и I эухущ1апI эхэм я щ1ыналъэ фондым и бюджетым хэщ1хэмк1э и Iы-хьэм к1ыщагъэльэгъуащ. Зэрыщ1ыту къ1ыдисциеу, хэщ1хэр сом 1 мелард-рэ мелуан 511,7-к1э нэхъыбэ хъунущ. Фl эк1ыпI э зимы1э медицинэ страховани и I эухущ1апI эхэм хуаутI ып-щ1ыну ахъшэр сом мелуани 184-м щ1игъук1э, медицин-эм и лэжьак1уэхэм я хэщ1-хэр зэрыхуапшыныж ахъ-шэр сом мелуан 39-к1э нэ-хъыбэ я щ1. Бюджетыр щ1ы-щащтам щ1игъуэ зэхуэхъу щ1ытащ, ауэ абы иджы сом мелуани 184-рэ хурик1ынуку-къым.

Депутатхэр тепсэлъы-хьащ «2013 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республик-эм Фl эк1ыпI э зимы1э ме-дицинэ страховани эк1э и щ1ыналъэ фондым и бюджетыр гъэзащ1э зэрыхуам и I эухук1э» К1ЬР-м и закон-ным и проектым. Зэрыжа-I амк1э, мы I эухум зыубгъуауэ тепсэлъыхьыным папщ1э зэIущ1эшхуи 2014 гъэм мэкъуауэгъуэм и 5-м ек1уэ-к1ынущ.

Ищхьэк1э къыщыгъэлъэгъуа документхэр Парламентыр гъатхэ сессием зэ-лэжьыныIуэхуи зыщ1ыхьэхэм хагъэхьащ и к1и хуащ1 да-гъуэхэмрэ хэлъхьэжьыпхъэу къальытэжэм я гъэхъэ-зырын папщ1э депутатхэм, зыхуэфащэ I энатI эхэм я лэжьак1уэхэм хуагъэхьащ.

Депутатхэм я щ1ащтащ щэнхабзэм зегъэужьынымк1э лэжьыгъэфI зэрилэм папщ1э «Мэлбахъуэ Т. Къу-ек1эгъ гъэзащ1эным инвестицэкъ къ1ухуэщ1эгъэуIуэ-нымк1э лэжьыгъэхэр нэхъ жьыджэру иригъэк1уэк1ыну. Псалъэмакъым и к1эухым депутатхэм къагъальэгъуащ Новэ Балъкъэр къуажэм и I этащ1ыхьэм Федера-льнэ закон №131-р гъэ-защ1эным пыщ1ауэ къыхи-гъэщхьэхук1э гугъуехьэхэ К1ЬР-м и муниципальнэ щ1ыналъэхэм я нэхъыба-пI эм зэрыщ1ыIэр.

Адэк1э зэIущ1эм щ1ыхэп-льащ «2014 гъэм, 2015, 2016 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэ-бэрдей-Балъкъэр Республикэм Фl эк1ыпI э зимы1э ме-дицинэ страховани эк1э и щ1ыналъэ фондым и бюджетым и I эухук1э» К1ЬР-м и Законым зэхъуэк1ыныгъэ-хэр хэлъхьэным теухуауэ» законым и проектым. Ар депутатхэм я пащ1ыдэ к1ыщри-

# Зэфlагъэк1ахэр мащ1экъым, ауэ зэманк1э къык1эроху

Марьяш Иринэ

**КЬБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмк1э и министерствэм щек1уэк1ащ 2014 гъэм сабийхэм я зыгъэпсэхуг-ъуэр къызэгъэпэщ1ыным, узынщагъэр егъэфI эк1уэным, лэжьыгъэ я1эным еп-хауэ щ1ы I э республикэ комиссэм и зи чэзу зэIущ1э. Ар иригъэк1уэк1ащ К1ЬР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ Марьяш Иринэ. Зэ1ущ1эм хэтащ министерствэ, ведомствэ щхьэхуэхэм я л1ык1уэхэр.**

- САБИЙХЭМ я зыгъэпсэхуг-ъуэр, узынщагъэр егъэфI эк1уэныр зыхуей хуэзэу къызэгъэпэщ1ыныр нобэк1э я1э игъэщ1ын хуей Iуэхугъуэхэм зэращ1ыщ1ыр нэхъапэк1э къыхэдгъэщ1ащ, - жи1ащ зэIущ1эр къыщызэ1уихым **Марьяш Иринэ.** - Иджыпстук1э нэхъыщ1хьэр сыт жыпI эмэ, зыхуэдгъэувыжа къ1алэнхэр и чэзум гъэ-зэщ1эныр щ1, зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэм кърегубдзэу сыт и лъэныкъуэк1н сабий-хэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэ-щ1ынырщ. Зэк1э зэфIэдгъэк1ахэр мащ1э-къым, ауэ зэманк1э дык1ык1эроху. Абы къыхэк1ыуи дэтхэнэ зыри жэ1апI ыныгъэ хэлъу I уэхур зэрызэфIэтхыным дыхущ1эвгъэкъу.

КЬБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмк1э и министерствэм и къуда-мэм и унафэщ1, лагерхэмрэ санаторэ-хэмрэ зэрыхъэзырыр къ1эзыщ1ыгъэну лэжьак1уэ гупым жэ1ап зыхъ и секретарь **Шаваев Т1эхьир** тепсэлъыхьащ I уэхур къызэрызэрагъэпэщ1ым, абы къыхуау-тI ыпщ1а мылъкур зэрытрагащ1эм.

- Сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэр къызэ-гъэпэщ1ыным, я узынщагъэр егъэфI эк1уэным псори зэхэту мы гъэм къы-хуаутI ыпщащ сом мелуани 198-рэ, абы щыщу сом мелуан 35-р федеральнэ бюджетым къыхэк1ащ, - жи1ащ Шаваевым. - Санаторэхэмрэ лагерхэмрэ я уэрыкI уэну путевкэхэр зы жэщ-махуэм сабийм текI уэдэнум елъытауэ уасэ щхьэхуэ хуэ-гъэувауэ щытщ. Мы илъэсым республикэм и сабий мин 11-м я гъэмахуэ зы-гъэпсэхугъуэр зыхуей хуэзэу къызэ-гъэпэщ1ыну ди къ1энэщ. Абыхэм я лъэ-хъэнэр щагъэк1уэнущ республикэм и I эухущ1апI эу 64-м. Ахэр I уэхум зэры-хуэхъэзырым къэпщытак1уэ гупыр тк1ийуэ к1эльопль. Апхуэдэу сэ сызыхэт гупым къапщытащ къ1алэм дэт сана-торэхэрэмрэ лагерхэмрэ. Я гъэува жыпхъэхэм изагъэу я I уэхур къызэрагъэпэ-щащ санаторэу 8-м, «Кизиловка», «Восход» лагерхэм.

Санитар хабзэхэм I уэхугъуэщ1эхэр къызэрыхыхьам, абыхэм зыщагъэгъуаз-зэу я лэжьыгъэм къызэрыщагъэсэбэпын хуейм и гугъу ищ1ащ УФ-м Щ1ыхьхэм я хуитыныгъэмрэ зэпэщ1ныгъэмрэ к1э-лъплъынымк1э и федеральнэ I уэхущ1а-пI эм и къудамэу К1ЬР-м щ1ы I м и унафэщ1м и къ1алэнхэр зыгъэзащ1э **Бэракъ Ринат.** Абы къызэрыхигъэщам-к1э, иригъэк1уэк1а къэпщытэныгъэхэм я пк1э ит к1э, I уэхущ1апI эхэм я пщэрылъ-хэр процент 95-к1э я г1ъэзэщ1ащ. Ап-хуэдэу медицинэ пэшхэр лэжьэну хуит зыщ1 тхылъхэр нэхъыбэм зэрагъэ-хьэзырар, мы зэманым абыхэм ящыщу I уэхущ1апI э 12-м ейр къыдахын зэры-хуейр жи1ащ.

КЬБР-м щ1ы I э МВД-м жылагъуэ хабзэр хъумэныр къызэгъэпэщ1ынымк1э къуда-мэм и унафэщ1 **Теппеев Атлы** къытеу-выI ащ сабийхэм зыщагъэпсэхуну, узын-щагъэр щрагъэфI эк1уэну I уэхущ1апI э-хэр зэрыщ1апщ1ыкI ам. Абыхэм ныкъу-саныгъэу хуащ1ахэм щытепсэлъыхьым нэхъыщхьэу къыхихыгъащ1 шынагъуэр зэрыщ1ымк1э хъыбар уэзыгъащ1эр, ви-деокI эльъплъыныгъэр, турникетхэр язы-ныкъуэ I уэхущ1апI эхэм тэмэму зэрыщ1а-мыгъэувар.

Урысей Федерацэм Граждан зыхъу-мэжьныгъэм и I уэхухэмк1э, къызэ-рымыкI уэ щытыкI эхэмк1э, къэхуа I уэ-вэгъуэхэм я лъэужьхэр гъэзэк1уэжы-нымк1э и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Рес-публикэм щы I эм и унафэщ1ым и къуэдзэ **Хьэжыкъарэ Мухьэмэд** къызэхапльыхьа I уэхущ1апI эхэм ящыщу езым я хабзэхэр къызэпызыудхэм я щ1эхэр къриI уэри, зэ-рагъэзэк1уэжьын хуейхэм иджыри зэ гу льаригъэтэжащ.

Сабийхэм зыщагъэпсэхуну, я узынща-гъэр щрагъэфI эк1уэжыну лагерхэмрэ са-наторэхэмрэ жэщ-махуэ имы1эу медицинэ лэжьак1уэхэр щы I эн хуейщ. Ахэр къызэрыхахам тепсэлъыхьащ К1ЬР-м и къуэдзэ **Асанов Алим.** Абы ящыжи1амк1э, апхуэдэ медицинэ лэжьак1уэхэм папщ1э я зэIущ1эм щыхагъахъуэ курсхэр къызэI уахауэ щытащ, ик1эм дэтхэнэ зы-ми и зэфI эк1ыр къапщытэжащ.

I уэхум зэрыхуэхъэзырым и гугъу ящ1у адэк1э зэIущ1эм къыщыпсэльащ К1ЬР-м Егъэджэныгъэмк1э, щ1эныгъэмрэ щ1алэ-гъуалэм я I уэхухэмк1э, Щэнхабзэмк1э, Спортымк1э и министерствэхэм, Щ1ыхь-хэр I энатI эк1э къызэгъэпэщ1ынымк1э, Печатымрэ щ1ыхубэ коммуникацэхэмк1э и къэрал комитетхэм, республикэм и Профсоюз зэгухьэныгъэм, район адми-нистрацэхэм я л1ык1уэхэр.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩ1 Иэз.**
*Сурэтыр* **Толгуров Камал** *трихащ.*

# ФIыгъуэ нэхъыщхьэ

**Хабзэу къызэрек1уэк1ым тету, К1ЬР-м и Парламентым и унафэщ1-хэмрэ депутатхэмрэ мэкъуауэгъуэм и 1-м хэтащ Сабийхэм къащхьэщ1ыжынымк1э дунейпсо махуэр гъэлъэпI эным.**

Депутатхэмрэ К1ЬР-м и Парламентым и деж щыIэ Щ1алэгъуалэ палатэмрэ сыт щыгъуи сабийхэм яхуэгъэза псапащ1э I уэхухэр, концертхэр къызэ-рагъэпэщ1. «Урысей зэкъуэт» партым «Урысейм и дежкI э дэтхэнэ зы сабийм мыхьэнэшхуэ и I эщ» и проектым ипк1 итк1э К1ЬР-м и Парламентым и депутатхэр республикэм щы I э интернат I уэхущ1апI эхэм ядолажьэ. Ауэ а махуэм ирагъэк1уэк1а лэжьыгъэхэр псом хуэмыдэу гъэщ1эгъэну ик1и нэ-жэгъужэу щытащ.

«Балигъ мыхъуахэр гъащ1эм щыха-гъэзэгъэж «Нэмыс» центр» къэрал I уэхущ1апI эм щы I э сабийхэр махуэш-хуэм и пэ кхихуэу «Дей» сату-нэгузэ-гъужьк1ыпI э комплексым ирагъэбла-гъри зрагъэгъэпсэхуащ. Абыхэм гуа-пI эу къ1ыущ1ащ комплексым и унафэщ1, К1ЬР-м и Парламентым и депутат Шыбзыхьуэ Мухьэмэд. А ма-хуэм комплексым сабий 70-м щ1игъу щы1ащ, Май муниципальнэ районым и унагъуэ нэхъ хуэмыщ1ахэм щ1ыщ школак1уэхэри ихэту.

Гъэмахуэм и я1э махуэм сабий I уэхущ1апI эхэм щрагъэблэгъащ тыгъэхэр республикэм законхэр къыдэзыгъэк1 и орган нэхъыщ1ьхэм и депутатхэм къаб-гъэдэжьыу зыша хьэщ1эхэр. «Урысей зэкъуэт» партым хэтхэм сабийхэр нэхъ зыхуэныкъуэхэр зрагъащ1эри, зыхуэ-фащэ тыгъэхэр хуащ1ащ сабий нэ-къуэдыкъуэхэр, сабий зеинш1эхэр, адэ-анэм я жьауэм щ1эмытыжу къэна са-бийхэр щапI ык I уэхущ1апI эу Налшык къ1алэм, Приближнэ станицэм, Нартан къуажэм дэтхэм.

Сабийхэм папщ1э нэгузыужь I уэхухэр Приближнэ муниципальнэ районым щ1ыщ Приближнэ станицэм къ1ыщ1эг-рагъэпэщ1ащ а къуажэм дэт щэнхабзэ центрым и лэжьак1уэхэм. Зэ1ущ1эм и къ1ыщ1ыхэм К1ЬР-м и Парламентым и депутатхэм я щ1эк1э I эфIы-к1эхэр, апхуэдэу художественнэ самодеятельностым папщ1э музыкальнэ I эмэпсымэхэр иратыжащ.

«Нэмыс» центрым К1ЬР-м и Парламентым и депутатхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмк1э и щ1эныгъэ-хьэхэтак1уэ институтым и лэжьак1уэхэмрэ сабийхэм къыхуащтащ I эфIы к1эхэр куэду зытелъ I энэхэр, апхуэдэу ц1ыкI ухэм зэрыджэгу I эмэпсымэ зэмылI эужьы-гъуэхэр, иджырей электрон техникэ тыгъэ хуащ1ащ. Центрым и унафэщ1 Квардан Адэлбий щ1эхэм I уэхущ1а-пI эр иригъэлъэгъуащ ик1и иджыпсту зыхуей-зыхуэфIэхэр къ1ахуиI уэтащ. Мы зэIущ1эм сабийхэр хэI этык1ауэ щ1ыы-гъэгушхуэхэм ящ1ыщ К1ЬР-м и Парламентым Щ1алэгъуалэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, щ1ыхубэ хъыбар-егъащ1э I энатI эхэм я I уэхухэмк1э и комитетым и унафэщ1 Хьэщ1хьуэжь Татьянэ, республикэм и сабий омбудсмен I уэгъуэ Светланэ сымэ.

Къ1эзэхуэсхэм дауитахэм я щ1эк1э сэлам щ1арихым Хьэщ1хьуэжь Татьянэ жи1ащ: «Дунейм фIы гъуэу тетым я нэ-хъыщхьэр сабийхэрщ. Дэ дахуейщ зэи гъэзвэгъуэ хъыбар стемыхьэну, фи гъащ1э псом гулъытэрэ гуапагъэрэ зы-хэлъ ц1ыхухэр гъусэу фи1эну».

*КЬБР-м и Парламентым и пресс-I уэхущ1апI э.*


Мамхэгъ Алексей

● Дифl догъэлъапI э

# Гъащ1эмрэ псы I уфэмрэ

**Мамхэгъ Алексей Щу и къуэр Тэрч районым и мызакъуэу Къэбэрдей-Балъкъэр псом къыщац1ыху. Ар къызыхэк1ари УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмк1э и министерствэм псыщ1эгъэлъэдэ к1энаучэхуэхэр зехьэнымк1э и щ1ыналъэ зэхуаку I уэхущ1апI эм и унафэщ1у илъэс куэдк1э зэрилэжьам и закъуэкъым: апэ игъэщ1ипхъэр сыт щыгъуи зэпI эзэрыту, псалъэ лей фIэмыфIу, жыдэжру и I энатI эм зэрыпэрытырщ, гуда-закъэ зыхэлъ ц1ыхуу зэрыщ1ытырщ. Мэкъуауэгъуэм и 5-м абы и ныбжьыр илъэс 75-рэ зэрырик1уэр яг1э-лъэпI энущ и Iыхьлыхэмрэ ныбжьэгъуэмрэ. Хъуэхъу куэд хуаI эхтынущ: узынщагъэ бдзэ и1эну, зыщхьэ-щ1ытэм я насып илъагъуну, гъащ1э к1ыхь хъуну.**

АЛЕКСЕЙ и ныбжьым ит е пэгъунэгъу псоми хуэдэу, абы и гъащ1эр тыншу къек1уэк1ак1ым. Теркескэ къуажэм къщыщхъуа щ1алэм игу къэк1ауи зыщ1эк1ынтэ-кым и балигъ гъащ1эр, къанэ щымыIу, къыщ1алъхуа псы Iуфэм епхауэ щ1ытыну. Ауэ ар апхуэдэу къыщ1эк1ащ. Тэрч къ1алэм и езанэ щ1ым щеджа ныбжьыщ1эм КъБКъУ-м и инженер-техникэ факультетыр къиухащ.

Дохъущ1ык1уей ухуак1уэ-монтаж I уэхущ1апI эм лэжьэн щыщ1идзэуэ дзэм ираджащ. Къ1игъэзэжа иужь мэкъу-мэш I энатI эм и щ1ыналъэ къудамэу Тэрч, Май районхэр зыхыхьэм инженер нэхъыщхьэу яг1эк1уащ. И ужьк1э Мамхэгъыр Тэрч МКСУ-4-м и унафэщ1 хъуащ, итIанэ Тэрч псым и Iуфэхэр гъэбыдэным теухуауэ гъэжьагъэ-хуэ езыгъэк1уэк1 ПМК-6-м и I этащ1ыхь яг1эуващ.

Мехколоннэм и пщэ иралъхьат хьэсэхэм псы зэрыщ1а-гъэхьэну к1энаучэхэр т1ынри - арыншамэ, кьытрах гъавэм и бэвагъым пхухэгъэхъэнутэкъым. Абы щыгъуэм Плановскэ, Акъбащ Ипщ, Курп Ипщ хуажжэхэм, «Сукан-Су» колхозым щагъэува насоситкумк1э игъэлажьэрт хьэсэхэм псы зэрытраутхэ «Фрегат» I эмэпсымэу 82-рэ.

Мамхэгъым и зэфIэк1ыр игъэльэгъуэнымк1э мыхьэ-нэшхуэ и1ащ УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмк1э и министерствэм псыщ1эгъэльадэ к1энаучэ инхэр зехьэнымк1э и щ1ыналъэ зэхуаку I уэхущ1апI эм и унафэщ1у зэрагъэувам. Абы куэд зэфIигъэк1ащ а I энатI эр зэфIигъувэн папщ1э. Зэи къэхъуакъым Къэбэрдей-Балъкъэрыр, Осетие Ищхьэрэ - Аланиер, Ставрополь крайр, Ингушыр зы-хуей-зыхуэфIэмк1э I уэхущ1апI эм къыщыззэримыгъэпэ-щ1а. Зэпымыуу I энатI эр ирагъэфIак1уэт.

Унафэщ1ым и нэ1э тригъэтт езым и лэжьак1уэхэм я псэук1эр егъэфIэк1уэнми. I уэхущ1апI эм и1эт I эщ фермэ. Арати, лырэ гъэшрэ лэжьак1уэхэм пуду ираущэрт, сабий садым и иратырт. Яухуа унэ дахитIым щ1этIысхьащ псэупI э хуэныкъуэхэр. НэгъуэщI куэди зэфIагъэк1ащ.

Щ1эныгъэмрэ техникэмрэ я зыужьыныгъэри къа-гъэсэбэпырт.

Елъхъуэт, Балъкъ - Кура к1энаучэшхуэхэм я лэжьыгъэр телеаватоматикэ I эмэпсымэхэм зэрагъак1уэ хъуащ.

А пэрти Мамхэгъым и унафэм щ1эту зэфIагъэк1ахэм яцыщ1 Iыхьэщ1. Щ1ыдгъужьнщ ар жыджэру хэту фэтэр куэд хъу унэу, зы къат закъуэ унэу я 8 зрауухэр, республикэм щ1ипсэухэм ящыщу Джулат жылагъуэм газ я1эу зэрал1эрыхьар.

Хьэлэлу ик1и гуащ1афIэу зэрылэжьам папщ1э Алексей къ1ухуагъэк1ащ «Щ1ыхьым и Дамыгъэ», «Зэныбжьэ-гъуГъэ» орденхэр, «Лэжьыгъэм къызэрыхэжанык1ам папщ1э» медалыр, ВДНХ-м и дыщэ медалит1, къыфIащащ «РСФСР-м щ1ыхь зи1э и мелиоратор», «Тэрч къ1алэм щ1ыхь зи1э и щ1ыу» щ1эхэр. Мамхэгъыр К1ЬР-м и Парламентым и депутату щытащ. Ар ящыщщ Джылахъстэ-нейм псыщ1эгъэльадэм зэрызижьам теухуа «Джулат и жьауэм дыщ1эту» тхылъыр зытхахэм.

Алексей сыт щыгъуи гулъытэ хуищ1ащ псапащ1э I уэхум, нэхъ хуэмыщ1а унагъуэхэм ядэI эпкъыньм.

Мы зэманым Мамхэгъым зегъэпсэху. Ауэ абы зэфIы-к1эхэр ящыгъупщэркъым. Джулат и администрацэм и I этащ1ыхь Тамэ С. зэрыжи1эмк1э, а щ1ыхьм и щ1эр а куэдж-эм и тхыдэм дыщэпс хъэрфхэмк1э хэтхащ.

**К1ЭМПIАРЭ Галинэ.**

# I уащхьэмахуэ зэлъы I уз ыхынухэр къызэхуос

**Щ1ыпу 200-м щ1игъу хэту мэкъуауэгъуэм и 7-м иратегъэк1уэк1ыну лэжьыгъэхэр хуагъэпс Дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным и дунейпсо махуэм.**

I УАЩ1ХЬЭМАХУЭ щ1ыхьфIадза к1эрыхубжьэрыухэр а махуэм зэщ1эзыкъуэнухэм ящыщ1 куэд ди гъунэгъу щ1ы-налъэхэми къик1ынущ. Ахэр пщ1эджьыжьым жьыуэ к1апсэ г1ъуэгумк1э I уащхьэмахуэ дэк1ынурэ абы гупищу зыщагъэшынущ ик1и Азау хуейм, «Кругозор», «Мир» станцэм я I эшэлъашэхэр яг1эхъэбзэнущ. Щ1эбэт лэжьыгъэм хэтыныхэм шынагъуэ къатемыгъэхьэным к1э-лъыплъынущ къегъэльак1уэ I энатI эм щ1ыщхэмрэ медицинэм и лэжьак1уэхэмрэ.

Щ1эбэт лэжьыгъэр «Ислъам щэнхабзэм, щ1эныгъэм, егъэджэныгъэм защ1эгъэкъуэнымк1э фонд» зэгухьэныгъэм и жэрдэмк1э зэхашэ. Ар ирагъэк1уэк1 К1ЬР-м Щ1ы-уэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемк1э и министерствэм, К1ЬР-м Егъэджэныгъэмк1э, щ1эныгъэмрэ щ1алэгъуалэм я I эухуэхэмк1э и министерствэм, К1ЬР-м Печатымрэ щ1ыхубэ коммуникацэхэмк1э и къэрал комитетым, I уащхьэмахуэ районым и администрацэм.

**ТАРИМ Алисэ.**

● Сабийхэм я махуэ

Ди къуэш республикэхэм

Медалхэр къахьащ

КЪЭРЭШEЙ-ШЭРДЖЭС. *Республикэм и мэкъумэш I уэхущ1апI эхэр хэтащ мэ, бжэн лъэпкъыфIхэм я урысейпсо выставкэу Къ1ламыкъым и къ1алащхьэ Элиста щек1уэк1ам. Мы гъэм абы къырихьэ1ащ Урысей Федерацэм и щ1ыналъэ 12-м я л1ык1уэхэр, I уэхущ1апI эу 72-рэ.*

ГЪЭЛЪЭГЪУЭНЫМ хэтащ КъШР-м мэкъумэш хозяйствэмк1э и министр Семёнов Ахъмэт, I эщ лъэпкъыфI зыгъэхъу I уэхущ1апI эхэм я унафэщ1хэр. Мэл лъэпкъыфI-хэм я XVI урысейпсо гъэлъэгъуэныгъэм кърик1уахэмк1э Къэрэшей-Шэрджэсым и мэкъумэш I уэхущ1апI эхэм щыщу медали 3, дыжьыну 2 къахьащ. Фестивалым и щэнхабзэ программэм хиубыдэ гъэлъэгъуэныгъэхэр, зэпеуэхэр гъэщ1эгъэну ек1уэк1ащ.

«Мэшыкъуэ-2014» зэхуэсым зыхуеГъэхьэзыр

*Республикэм «Мэшыкъуэ-2014» дунейпсо щ1алэгъуалэ форумым хэтыпухэр къыхэхын щыщ1а дзащ.*

МЫ ГЪЭМ КъШР-м и л1ыкI уэу абы ныбжьыщ1э 200 хэ-тынущ. Нэхъ зыхуэфащэхэр къыщ1ыхах Алиев Умар и цI эр зезыхьэ Къэрэшей-Шэрджэс къэрал университетым и базэм.

НэхъыфIу къ1альытахэм я проектхэр «Мэшыкъуэ-2014» дунейпсо щ1алэгъуалэ зэхуэсым щагъэлъэгъуэну I эмал яг1уэтынущ.

Сом мелуан 420-рэ и уасэ хэщ1

Экономикэ Политикэ

# Махуэкэ

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

# «Щабэу депсэлъэну дыщІыхьат...»

● Абхъаз

**Сыт къызыхэкІар Сыхъум къыщыхъуар? А упщІэм и жэуапыр къалъыхъуэ журналистэм.**

АБХЪАЗЫМ и щыхьэрырщ. Президентым и унэ уардэрц. Жэщыкуц. «Щыхубэм дежкІэ зезыгъэба» милиционерит Іпланэпэм щоищхэукъуэ. Си гугъэщ хэт и унафэ щІэтми абыхэм ядэну.

Унэ кІуэцІыр хэщІапІэ зыщІа революционерхэр зыгуэрхэм топсэльых. Президентым и лэжьапІэ пэшыр гъунэгъу дыдэщ. Ауэ абы зыри щІитэхьэркъым.

- Хэт жызыІар дэ кабинетхэм я бжэхэм дыщэпскІэ лауэ тет табличкахэр къэддыгъауэ, - кІийрт зи нэ шынагъуэхэр къыщихуа абхъаз щІалэшхуэр.

- Сэ жысІаш: кІыхьАІэнтыкІаш.

- Уи макъым зыумыгъэІэт, - кІиящ нэгъуэщІ революционер. - Раул мэжей!

- Пэжри?

- Дэнэ щыкЕйр? - щІалэшхуэр апхуэдизкІэ гуфІауэ къэкІыяти, ІІаХэри къэтэджыжынт.

КІэлыдорым и кІэм деж щыт щхьэхъуумэм и Іэр ищІащ щыжеймкІэ.

А лъэныкъуэмкІэ блыным Іут диван щыкІум илъу жейрт абхъаз революцэм и пашэ Хаджимбэ Раул. Абырэ сэрэ дыззэгурыІуат дызэхуэзэну. Ауэ къыспэплъэрэ Іурихащ.

- Жэщит Іхъуауэ жеякъым, - Іущащэрт революционерхэр...

УэрамымкІэ Іэуэльауэ къыщыхъуащ. Абхъазым и иджырей президент Анкваб Александр и бий щІыху 200 хуэдизым зэпэджжэу щІадзащ. ЖьпІэнуращи, майданым и яп махуэхэр уигу кьагъэкІыжырт.

- Къэдаіуэ, сыт майдан? - загъэгуэ щІалэхэм. - Фэ фотх: «Іэщэкіэ зэщІэуэзда зыкъзэыІэтахэр президентым и деж зэрыщІэгуащ».

- Арахъэ-тІэ? - соІуащэ сэ революцэм и пашэр къэзмыгъэушын папщІэ. - ФызэрыщІэгуащ, абджжэр хэвдащ...

- Сыт жьпІэр?! Зы абджж закъуэ къутауэ аращ. Арп зэрымыщІэкІэ жьвхэуэри, - арГуэру кІиящ щІалэшхуэр. - Дэ абы щабэу депсэлъэну дыщІыхьат...

## Зыпэмыплъа гуэру щытакъым

Абхъаз революцэм щІэдзэкІэ хуэхъуам сыщегупсыскІэ тельыджэ сщохъу мыр: республикэм и унафэщІхэм ящІэрт илъэс ныкъуэ и пэкІэ, уеблэмэ зы тхъэмахуэ хуэдиз и Іэжку щыгъуазэт накъыгъэм и 27-м уэрамхэм къызэрыдэхьэнум.

Абы теухуауэ Анкваб ищІэфар си нэгу къыщІэзгъэхьэну яужь ситщ.

Республикэм и щІыпІэ псоми йокІри, щІыху мин зыбжанэ Сыхъум щекІуэкІыну хасэм щызэхуос. Хасэм пщІэшхуэ дыдэ иІэщи, къызэхуэсахэр токъмакъымкІэ зэфІагрыпху хъунукъым. Мыбы щыхабзэкъым нэгъуэщІхэм ялъагъуу зыгуэр яубрэжьмыну.

Абхъазхэм пэкІуирагъэкІуэкІри, нэхъыжь гуп Анкваб и деж ягъэкІуащ щІыхубэм кьепсэлъэну кьытрагъэхьэн папщІэ.

Анкваб ар идакъым.

- Ар щІыхубэм кьепсэлъамэ, жиІэм дедаІуэри, дызэбгрыкІыжат, - тхьэ щаІуэж иджы пэкІум хэтахэм. - Ауэ ар шынащ!

- Дэ худэтчыхьнут, дызэрызэгурыІуэну щІыкІэм и Іэмал къэтлъхьуэрт! - сригъэдаІуащ иужькІэ Хаджимбэ Раул. - Абы и кабинетым дэ сыкъэтпщІэ дыщыдзэпсэльащ. Хуэдгъэльэгъащ щІыхубэм дзыхь зыхуищІ правительствэ кьызэригъэпэщу езыр президенту кьэнэжьну. Ауэ жэуапу кьыдитыр зыт: сэ сынэнджэщэн хуейщ. Ар жиІэрт хъэтэджырти, телефоным бгъэдыкъэрт.

- Хэтыт зэпсалъэр?

- СщІэркъым, - и щхьэр игъэсысащ Хаджимбэ.

Адэкіэ жалэхэр зыщхьэщокІ. Анкваб егъэІу Гудаутэ кІуэн хуей щІэхъуар ешІи и кабинетым зэрыщІэгуахэм я зэрану. Пэжу, абы кьыхегъащ зэгуры Іуэным зы мащІэ фІэкІа къэмынэжауэ зэрыщытар.

Ауэ революционерхэм жаІэ: президентыр езыр ежьэжащ...

Депутатхэм ящыщ зыр кІиящ: «Президентыр щІэпхъуэжащ!», - кьеІуэтэж «Эра» оппозицэ партым и унафэщІым и къуэдзэ Убирие Данил. Зэпсэльэныгъэхэм кьрикІуэнухэм сихьэтищкІэ пэплъа щІыхуэхм кьащхьхъащ абы «президентыр щІопхъуэж!» жиІэуэ. Арати, яубыдын мурадкІэ унэм зэрыщІэгуащ.

- Сыт щхьэкІэ?

- АбыкІэ жьпІэну узыхуейр сыт? - сакъыу кьызэупщІыжащ си псэльэгъуар.

- Сытыт президентыр убыдын щІыхуейр? Тедэын щІыхуейри сытыт?

Сэ апхуэдэу сыщІэупщІащ, къызытыну жэуапир фІы дыдэу сщІэ си гугъэу. Абхъазым щІэх-щІэхыурэ сыкІуэрти, сэ сльагъурт лэжьапІэнщагъэм, хабзэншагъэм щІыхуэхр гугъу зэрыригъэхьыр, Урысейр зэрадзэпкъыкъэзрызэкІэщІаупщІэм (абы зыми шэч кьытрихьэркъым). Си гугъэщ «ГъущІым кьыхэщІыкІа милиционеру» зэгуэр зэрагъэІуам и зэран Анкваб кьекІыжауэ (жаІэ абы, уеблэмэ езым и адэри суд пащхьэм иришауэ щытауэ). Анкваб президенту щыхахым псоми я гугъащ абы зэхъуэкІыныгъэ инхэр иригъэкІуэкІыну. АрщхьэкІэ ахэр щыІакъым. Куэдым ар я жагъуэ хъуащ. Коррупцэм и бий бэнэныгъэм зэпльмыууэ тепсэльыхьырт, ауэ абы кьыфІэкІыртэкъым.

Апхуэдэу щыхъум кьагъэсэбэпащ нэхъ Іэщэ лъэщ дыдэр, куржы - абхъаз зауэм теухуауэ иджыри ягу иІыыр.

## Саакашвили и мурадыр

А Іэщэр кьызэригуэкІт, ауэ жант. Зауэм хэтахэм я нэхъыбэр щызэхуэса хасэм щыщІэупщІащ: сыт куржы мин 26-рэ Абхъазым и щІыху хъуныр, паспорт иратыныр кьызыжькІар?

- Фэ президентыр щылажьэ унэр паспортхэм щхьэкІэ фыуфыдауи? - сыщІэупщІащ сэ згъэщІагъэу.

- Аращ, - си упщІэр тельыджэ ящыхъуауэ жэуап кьызатыжащ. - Зы мащІэ дэкІыжмэ, къэралыр куржыхэм я бжыым щІэхуэнут.

Мазэ ипэкІэ парламент комиссэм кьижауат: «Сэ нэгъуащІ къэралым (щхьэтеч жьпІэмэ, Куржым) и гражданствэм сыкьыпокІ» жаІэу куржыхэм ятхащ, абы щыхьэт теХъуэ гуэри къагъэльэгъуакъым.

- Куржы паспорт зыныІ дэтхэнэ щІыхури ди дежкІэ шынагъущ, - губжьауэ жеІэ ветеранхэм я «Аарда» зэгуэхьныгъэм и тхьэмадэ Очумбэ Даур. - Куржы Іуэнапкъэм льэмыжитху щытралъхьащ, Урысей лъэныкъуэмкІэ щаухуар зы фІэкІа щхьэ мыхъурэ? Аращи, хуэм - хуэмурэ куржыхэм къэралыр зэщІаубыдэ. Саакашвили и мурадыр пхагъэкІ.

- Абхъазхэр нэхъ мащІэ хъуамэ, дэ къэралыгъуэ ди Іэмэныкъым, - жеІэ оппозицэм и унафэщІхэм ящыщ Адзимбэ Щамил.

## Москва и унафэ дыпоплъэ

Пщэдджыжьым революционерхэр ІуэщІащ гупІэщІэкІэр яІэу: «ТІэкІу дэкІмэ, дыдэкІуэнущ». ЯгъэхьбаращУФ-м и Президентым и дэІэпыкъуэгу Сурков Владислав яхуеблэгъэну. Москва ирагъэкІа Сурковыр ми зэманым оппозицэмрэ президентымрэ я кум дэтщ. Абхъаз псори, оппозицэри хэту, Урысейм ДІы дыдэу зэрахущыІэкІэ къэзыІыхьатэмэ, мыбы Москва и унафэм хуабжьу щыпопльэ.

**ВОРСОБИН Владимир.**
*«Комсомольская правда»*

**Псори зэжьа Іуэхугъуэ профессионалъ боксым къыщыхъуащ: Кличко Владимир хигъэщащ Леапаи Алекс. Тыншу, гугъу емыкъ хуэдэу етхуанэ раундым щытекІуащ. Алекс шэч льэпкъ къытрихьэртэкъым и хьэрхуэрэгъум зэрытекІуэнум, уеблэмэ и пэр щыым щихъуэну жиІэу псалъэ жагъуэхэр Владимир къэрипсырт. Ауэ нэхъыбэм зэрыхъуращи, кІий-гугъэ щІыхуэ, хьэлыншэу зызыщІыр щыхагъащІэр нэхъыбэщ. Аращ Алекси къыщыщІар.**

**Боксымкіэ Іэщіагъэлізм зэрыжаІэмкіэ, Владимир нэхъ щІэхьыуи мы зэІущІэр ирухьфынут, рекламэ къэзытхэр мыхъуамэ. КъызэрыщІэкІымкІэ, раундхэм я зэхуакум телевизоркІэ, стадионым щагъэльагъуэ рекламэм и зы дакъикъэр доллар мелуаныи нэс щиуасэ къохъу. Рекламэ зытхэм яфІэфІкъым Іуэхур псынщІэу зэфІэкІыныр. Аращ Владимир Алекс зэрезэуар щызэпишар, етхуанэ раундым щынигъэсар.**

● Ар зэрыщытар

СУХОДРЕВ Виктор:

# «Хрущёв удэлэжьэну нэхъ гугъут»

## И ныбжьыр илъэс 82-м иту ІІащ совет тэрмэш нэхъ щІэрыІуэ дыдэр

*Суходрев Виктор илъэс 30-кІэ унафэщІ пашэхэм я щІыб дэтащ. Ар Хрущев Никитэрэ Брежнев Леонидрэ я тэрмэшу щытащ, Горбачев Михаил, Косыгин Алексей, Громыкэ Андрей, Микоян Анастас сымэ, нэгъуэщІ совет унафэщІхэми ядэлэжащ. Дэ мызэмытІэу абы интервьюр къеІытхащ. Тэрмэш щІэрыІуэм жиІэрт фІэгъэщІэгъуэну ди газетым еджэу. Нобэ теддзэ интервьюр нэхъапэм зыщІыпІи тетакъым.*

## И псалъэхэр ткІиИуэти, гъэщІэгьэн хуей хъурт

**- Уэ пщІэжрэ япэу тэрмэшу лэжьэн щыщІэбдзар?**

- Ар къыщыхъуар зауэм и пэкІэщ. ЕтІуанэ дунейпсо зауэм щІидзэным зы мазэ закъуэ фІэкІа имыІэжу си анэмрэ сэрэ Инджыкъым дагъэкІуащ. Мамэ Лондон щыІэ ди сату Іуэхущ Іапэм щылэжьэнут. Папэ я зэманым США-м щыІэт ГРУ-м и лэжьакІуэу. Нэмыцэхэр я ФАУ-2-хэмкІэ Лондон кьеуэу щІадза иужь дэ, совет дипломатхэмрэ сату лэжьакІуэхэмрэ я бынхэр, Ирландие тенджызым и Іуфэм щылэ зыгъэпсэхупІэм дагъэІэпэхъуащ. Псори псынщІэу къэхъуати, зыми зигъэхъэзырэтэкъым. Дмэрагъэджэну школыр зэрагъэпэщыжьын хуей хъуащ. Ауэ ди завхозым инджылызыбзэ ищІэртэкъыми, щІыпІэ ухуакІуэ фирмэр зейм епсэлъэн хуей щыхъум, сэ тэрмэшу сыувыну къызэлъэІуахэщ. Мис абдеж къыщыщІэдзащ.

**- Уи адэр тІасхъэщІэхыу щытаэ къыщІокІ. Ара уэ къулыкъуІэ удэлэжьэнныкІэ къыбдэІэпыкъуар?**

- Хьэуэ, хьэуэ, сыт жыпІэр? Институтыр къыщызухым сэ гу къысльатащ ГРУ-м щыщ и лэжьэгъуэхэм, сызыхашэныр я мурадащ, арщхьэкІэ си адэм «Лъэбакъуэ къыщІезгъэчэнукъым!» - жиІэри, яхуидакъым.

**- Ауэ, арыншами, уэ жыжьэ удэкІуеэщ...**

● ЗэпэщІэтыныгъэ

## ЗагъэткІиИным я фейдэ хэлъкъым

**Урысейм экономикэ и лъэныкъуэкІэ кьыпаубыдхэм дяпэкІэ хагъэхьэнукъым. ЕС-м Брюссель щригъэкІуэкІа зэпсэлъэныгъэхэм абыкІэ щызэгурыІуащ.**

ЕВРОПЭМ и къэралхэм я Іэтащхьэхэм кьалъытащ Украинэм щытыкІэр мыгувэу нэхъыфІ щыхъужьныкІэ хъуну. Абы и щыхьэтщ а къэралым щекІуэкІа хэхыныгъэхэм яужьКІэ зэпсэлъэну Іэмал щыІэу Урысейм ящІэ Украинэмрэ зэрыжаІар.

Фигу кьеджэныІыжынщи, ягъэхъыбарыт экономикэ санкцІэхэр ягъэтхІиину. Иджы ахэр цІыху щхьэхуэхэм я мызакъуэу ди къэралым и экономикэм и Іэнатіэ псоми яльэІэсынут. Урысейм и налкъутхэр, хьэжэбажафэхэр, бдзэжьей хугу фІыцІэр, цІыдагъэр, гаЗыр ямыщхэну яубыхуат. Ауэ а псоми пыкІыныр ЕС-м и дежкІэ хуабжьу гугъунут. Евросоюзыр ди гъэсныныхьэхэм хуабжьу хэхныкъуэщ, абы хэт къэралхэмрэ Урысеймрэ я хьэрычэтыщІэ лэжьакІуэхэр быдэу Іуэхуэ зэпыщІащ.

Аращи, европейхэм мурад ящІащ дэ зыкъытхуагъэтхІининым емыпІэщІэкІынуу.

**БЕРОВЕВЭ Нигинэ.**
«Комсомольская правда»

● Китай

# Ар сыту псынщІэ дыдэу!

**Телъыджэщ, ауэ пІалъэ кІэщІым КНР-р къыщІидзащ дунейм автомобиль нэхъыбэ дыдэ щызыщІэ къэралу. Хэбгъэзыхьмэ, экономикэм и щытыкІэр щымыщІэгъуэ 2009 гъэми абы ещхьи и щІыхуэкІэм ярищащ машинэ мелуан 13. Автопромым сыт щыгъуи щыпашэу къэгъуэгурыкІуа ШІтат Зэгуэтхэр иджы ящІ дыдэ ижь къинащ - ищэфар мелуанищІи ирикъуакъым. КъыкІэлъыкІуэ илъэсым Китаим автомобиль мелуан 17 щащІащ.**

60 ГЪЭХЭМ Японием автопромышленностым псынщІэ дыдэу зэрызыщиужьар сэ сльэгъуащ. Арщхьэкіэ Китаим хуэзфІэкІыным егъэцІыкІауэ ар зыми ищІысыжькъым. Лъакъуэрыгъажэхэм я къэралым щэрхьитІ зыщІэт транспортыр псынщІэ дыдэу щахъуэж щэрхъипІ зыщІэтхэмкІэ. Иджы нэхъ зытрагъащІэр электромобилхэр щІыныращ.

Пекин и мурадщ Китайр электромобиль нэхъыбэ дыдэ щащІ къэралу къыщІригъэлъыну. Ауэ ар щІагъэхъуэжащэ: электромобилхэм я уасэр хуэдищкІэ ирадыхьфмэ (евро минипщІым нэсыхукІэ) абы дунейм апхуэдэ машинэу мелуанрэ мин 500-м нэхърэ мынэхъ мащІэ щыхуэщэнущ. Абыхэм ящыщу мин 200-р езы КНР-м къылъыхьнущ.

Иджыпстуи Китайм и гуэгуэхэм тетщ электрокъарр е гибрид моторхэмкІэ къэзыкІухь машинэу мини 10-м щІигъу. Ахэр нэхъыбэнут электрокъарукІэ щауэдэ станцхэр яхурикъутэмэ.

## Япэ китай хьэлъэзешэ

Си щхьэгъусэр сщІыгъуу Москва - Пекин мафІэгум дыкъыщикІа 1953 гъэм и гъатхэпэр фІыуэ сощІэж. Вокзалым и гъунэгъуу къыщытлъэгъуащ ЦяньмэнЬ пасэрей кьалэ бльныкъыр. Утым куэду итт цІыхухэр кьезыщэкІ рикшэхэмрэ лъакъуэрыгъажэкІэ къэзыхьыхьэмрэ. Зэзэмызэ блэжьрт автомашинэхэр (я нэхъыбэр совет «Победа»-т). Абыхэм ящыщ зымкІэ дэ къытІущІащ «Правда»-м и корпунктым щыщ ди лэжьэгъуэхэр.

Ди хэкуэгъу псори къезышэкІыр китай шоферхэрт - езыхэр руль дэтІысхьэну хуиттэкъым. Революцэр щытекІуа иужь, КНР-м хабзэ кьыщащтат нэгъуэщІ къэралым и цІыхум китай ириудэмэ, фэбжь зытридзам и мызакъуэу балигъ хъухукІэ абы и бынэмэ ахъшэкІэ ядэІэпыкъун хуейуэ. А зэманым Пекин транспортуу щыІар щэрхьищ зыщІэт лъакъуэрыгъажэхэм я закъуэт. Ауэ ахэри къэдгъэсэбэну ядэртэкъым, ди лъэпкъыр пуд ирихьуу кьаІэтэрти.

Пекин кьистхыкІа япэ тхыгъэхэм ящыщ зым сэ къыщыгъэльэгъуащ китайхэм я нэхъ хъуэпсапІэу щы: япэрауэ, щыхуейм шей ефІэфын щхьэкІэ термос иЭнырт. ЕтІуанэр - езым тхэкІэ-еджэкІэ зэрищІэр зыгъэбелджылы авторучкэ кьищэхынырт. Ещанэ гугъэ нэхъ ин дыдэр лъакъуэрыгъажэ кьищэхынырт - итІанэ аэжьапІэ нэхъ тыншу увыфынут.

50 гъэхэм илъэси 7-кІэ Пекин сыщылэжьа нужь, сэ 90 гъэхэм илъэсипІэ аргуэру абы ІэнатІэ сыщыпэрытащ. ЦІыху мелуан 12 щыпсэу къэзыкІуар лъакъуэрыгъажэ мелуани 10 кьыдэхутат. «Синьхуа» агентствэм и автобус цІыкІум лэжьакІуэ дыщишэкІэ сэ сыгузавэу сегупсысырт: китайхэр автомобиль итІысхьэмэ, тщІэжынур сыт?

Иджы мис а зэманыр къэсащ. Термосым, авторучкэм, лъакъуэрыгъажэм щщІэ яІэжьхьэм. Абыхэм я пІэ кьиуващ я мылъку хъуа псэупІэр, нэгъуэщІ къэралхэм зыщагъэпсэхуныр, автомобильр.

Сигу кьокІыжь 1956 гъэм и гъэмахуэм Китайм и япэ автозавод Чанчунь кьалэм лажьэу зэрыщаутІыпщым екъэлІа Іуэхухэм сызэрыхэтар. Ар Совет Союзым кьэралым зыкъригъэІэтын мурадкІэ Китайм щыухуа Іуэхущ Іапіи 156-м ящыщ зыт.

Сэ си гъусэу конвейерым бгъэдэтщ Москва и «ЗИЛ»-м лэжьигъэм зэгуэр зыщыхуезыгъэса, илъэс 30 зи ныбжь инженер Цзэнинь Цзян, иужькІэ КНР-м и унафэщІ хъуар. Ар тлъагъуу «Цзефан» япэ автомобилыр (дэ ди полуторкэм ещхьу щытар) щІантІэм кьыдэкІат.

Хьэлъэзешэхэм кьадэкІуэу Чанчунь кьыщыІагъэкІыу щІадзащ къулыкъущІэшхуэхэм хухаха «Хунци» илмузинхэр. Ахэр кьытращІыкІат американ «Кадиллак»-мрэ совет «Чайка»-мрэ.

Урысейм и илъэсыр Китайм кьыщызэІухьныным теухуа Іуэхухэм сыхэтыну 2006 гъэм мы къэралым сыкъыщыІуам сэ сыщигуфІыкІащ Чанчунь дэт автозаводыр езым и Іэнатіэм зэрыщыпашэм. Абы илъэс къэс автомобиль мелуаным щІигъу къыщІегъэкІ, мин 20-р нэгъуэщІ къэралхэм ярещэ.

## Хэт япэ итыр?

Иджыпсту фІэщ щыІъуейщ, ауэ реформэхэм я пэкІэ КНР-м автомобиль мелуани 3 къудей фІэкІа щыІакъым: 2000 гъэм абыхэм я бжыгъэр мелуан 20 хъуащ, иджы мелуан 200-м нэсынущ. Машинэхэм я куэдагъымкІэ Пекин лъыщІыхьащ Москва. АрщхьэкІэ Китайм и метрор куэдкІэ ди къалащхьэм ейм къыкІэроху, абы кьыхэкІыу уэрамхэм автомобиль бжыгъэнщэхэр щызэтрехьэ.

КъуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ дэ ди гъунэгъуитІым я автопромышленностым зэрызрагъэжьхьэм и гугъу щысщІкІэ, а тІум я Іуэху бгъэдыхьэкІэр зэрызэщхьэщыкІри кьэзгъанэ хъунукъым. Японрауэ, Японием щащІ автомобилхэм я Іыхьэ щанитІыр нэгъуэщІ къэралхэм щащэн хуейщ. Китайр абы хуэныкъуэкъым. Абы и автомашинэхэр езым и къэралым щищэжьафынущ: пошлинэхэми, кьотэхэми, нэгъуэщІхэми гугъу демыхьу.

Дыгъэр къыщыщІэкІ къэралым нэгъуэщІ ефІэкІынитхэм и пІэщ. Ар екъэлІащ гъуэгум. Япониер телъыджэщ XIX лъэщІыгъуэр къэсыхукІэ гъуэгу зэримыІамкІэ: къэралым щащІэрэкъым щэрэхъэр гуэхри зищысыр - самурайхэр шут, щІыху кьулейхэр кьрахьэкІырт. Кьулейсызэхэр лъэсу зекІуэрт.

Абы кьыхэкІагъэнущ япон автомашинэхэм Китайм гъуэгу щІыщамыгъуэтар. Къэралым и гъуэгу нэхъыщхьэ закъуэщ Осакэ - Нагоё шоссер. Иджыри къэс гъуэгухэм я куэдагъымрэ я щытыкІэмкІэ Япониер Америкэ Ищхъэрэмрэ Къуэхьэпі Европэмрэ кьакІэроху. Абы кьыхэкІыу, зы къалэм икІыу нэгъуэщІым кІуэн папщІэ иджыри къэс японхэм нэхъыбэу кьагъэсэбэпыр мафІэгуэхэщ.

Китайм и автомобиль гъуэгуэр нужь илъэсхэм километр мин 60-м щІигъащ. Зи гугъу сщІыр сытКІи зыхуей хуэгъэза гъуэгуфІ дыдэхэщ. Апхуэдэ щІыбкІэ, КНР-м дунейм етІуанэ увыпІэр щиубыдащ (япэ итыр США-рщ).

Ди дежкІ Карамзин и зэман лъандэрэ гъуэгухэм я щытыкІэр Іэрэ-Іейр лъэпкъ тхьэмыщхІагъэу кьыщокІуэкІ, Китайм ахэр ухуэнымкІэ, уеблэмэ Къуэхьэпі Европэри кьыЗэриІэкІ.

АрщхьэкІэ Іуэгуэу бгъуфІэ дыдэхэр зэриухуам кьикІыркъым КНР-м мы Іуэхум егъэщІыІа кьалэн псори зэфІигъэкІауэ. Китай кьуажэхэм я Іыхьэ тхуанитІым иджыри зыкъыпащІэфыркъым кьалэхэм. Ауэ ари Іейкъым: ухуэныгъэр экономикэм и зыужьныгъэм и лъабжьэщ.

Езым и закъуэ автопром кьызэрытэпщэщу нужь ихьа Индием хуэмыдэу, Китаймм мы Іуэхум кьыхишащ нэгъуэщІ къэралхэр. Абы фІы кьрикІуащ. Ар иужь илъэсхэм ялъэгъуащ урысейхэм.

**ОВЧИННИКОВ Всеволод.**
*«Российская газета»*

**НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзыр ШАЛ Мухьэмэдщ.**

● Гъуазджэ

# Пхъэр мэусэ, пхъэр мэхасэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Лъэпкъ музейм зэхьихьэ гуапэ щекIуокIащ. «Пхъэпшынэ» зыфIаща гъэлъэгъуэныгъэр музейм и дунейпсо махуэм ирихьэлIэу къыдэгъэпэщащ.**

ХАБЗЭ дахэ хьуауэ, гъэ къэс накъыгъэм и 18-м Музейм и дунейпсо махуэр дэнэ щIыпIи щагъэлъапIэ. А махуэм щIыхьэпщIэ Iамыхыу музейкэр мэлажьэ. Музейр Iэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я щэнхабзэм щыгъуазэ узыщIащ, гъуаздж эр зыгъэбейщ, абы зезыгъэужьщ. А махуэм ирихьэлIэу гъэлъэгъуэныгъэхэр, фестивалхэр ирагъэкIуокI, лекцэхэм кьоджэ, театр теплъэгъуэхэр, экскурсиехэр къызэрагъэпэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Лъэпкъ музейми мы махуэр гукъинэжу щрагъэкIуокIащ. Iуэхущ Iапи Iэм и къудамэм и унафэщI Къэнтемыр Ларисэ зэхуэсахэр хигъэгъуэзащ Музейм и дунейпсо махуэ щыIэ зэрыхъуам. Абы зэрыжиIамкIэ, Музейхэм я дунейпсо советым хэтхэм я конференц Москварэ Санкт-Петербургрэ 1977 гъэм щыщкIуокIам, а махуэр ягъэуващ икIи абы лъандэрэ илъэс къэс дэнэ щIыналъи щагъэлъапIэ. Музейм и махуэм гъэ къэс зы Iуэхугъэ хуэхэри абы тету къызэрагъэпэщ. А жэрдэмыр къыхилъхьауэ щытащ Пушкин Александр и цIэр зезыхьэ Сурэтыщ IуазджэхэмкIэ музейм и унафэщI Антоновэм. Иджы а махуэр зэрагъэлъапIэм щыхуэхэ есащи, ар къыщыблагъэкIэ инми цIыкIуми нэгуэныжь зэращыхьунум, зэрызагъэпсэхунум зыхуэгъэзэщIа Лъэпкъ музейм и Iуэхущ Iапи Iэм и къудамэм и унафэщI Къэнтемыр Ларисэ зэхуэсахэр хигъэгъуэзащ Музейм и дунейпсо махуэр щыIэ зэрыхъуам. Абы къыхигъэщащ а Iэмэпсымэхэм щIэупщIэ ин яIэ зэрыхъуар кьалъытэу, пасэрей щыкIэпшынауэ Iэзэ Щауэжь Елмырзэ, абы и гъэсэнхэу Лермонтовым и «Белла» тхыгъэм къытращIыкIа кином щыкIэпшынауэ хэта Абдокъуэ Мухьэмэдрэ Хьэхъупащ Iэ Хьэсэнрэ, нобэкIэ укъэIэбэжмэ, пасэрей макъамэ Iэмэпсымэхэр кьэзыгъэщIэрэщIэж Еуаз Зубер сымэ я лэжьыгъэхэр гъэлъэгъуэныгъэм зэрыхагъэхьар.

Республикэм исхэр зэрыгушхуэ щыкIэпшынауэ Iэзэ Еуаз Зубер жиIащ гъэлъэгъуэныгъэр зи жэрдэм, ар егугъуу къыззэыгъэпэща КIэрэф Темболэт Iуэхущхуэ зэрызэфIихар, щыкIэпшынэм кьыдэкIуэу нэхъапэIуэхэр гъэлъагъуэ пэшым щыкIэпшынэм щеуащ Еуаз Зубер, Къунаш Темыркъан, Дым Аслъэндэжрий сымэ. Зэхьыхьэм кьрихьэлIа щIэщагъуалэм джэгу ящIащ.

Гъэлъэгъуэныгъэ щIэщыгъуэр мэкъуауэгъуэм и 8-м зэхуэщIыжкынуц. ЕлпIыну хуейхэр фепIэщIэкI.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Абы дегъэпIейтей

# Къабзагъэрщ псоми я щIэдзапIэр

*Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий иригъэкIуэкI зэIущIэхэм ящыщ зым зыубгъууэ щытепсэлъыхьащ щIыуэпсыр мыуфIеиным, пхъэнкIий идзыпIэхэм щхьэкIэ щIыпIэ хэхахэр гъэнэIуэным, къалэхэмрэ къуажэхэмрэ кьабзагъэм гулытэ хэха щыхуащIыным. Республикэм и унафэщIхэр тегуэзвыхьырт щIыналъэм и зехьэкIэмрэ дунейм и дахагъэр хъумэныгъэ Iэпэдэгъэлэл зэрыхъуам.*

*Мы Iуэхум куэд щIауэ игъэпIейтейхэм, уеблэмэ тхыгъэ щхьэхуэхэр тезыхуэхэм ящыщщ усакIуэ Къэжэр Хьэмид. Абы и гуапэ хьуащ къалэта псалъэмакъыр икIи абы пэджэж и балладэр редакцэм къытхуихьащи, ди гуапэу тыдодэ.*

## Псым и гукъеуэр

*Балладэ*

Нышэдибэ, пщэдджыжьыпэм,
дадэ и быр псафэ сшат.
Сеплъурэ... псым игъэзэжри...
ипщэкIэ дэжеижащ!..

Шыр, къэщтауэ, сэ къызоплъ.
Сэ псым соплъ, сыкъэшынауэ...
Апхуэдэ зэгуэр къэхъуауэ
сымыщIэж сэ зэхэсхауэ...

Мэхъу ищхъэрэр даущыншэ:
ипщэкIэ псыр дожеижь.
Псы ефэну кьыхуэкIуахэр
кIэлъокIуэ, иту и ужь.

АрщхьэкIэ псыр къэмыувыIэ,
кьэмыувыIэу дожеижь.
Гуэзвэгъуэр къалъысауэ,
йоувэ абы и ужь

шыи, мэли, бжэни, джэди,
къазри, гуэгушри, бабыщри,
хьэхэр щIэууэ,
зэрызехьэу,
макIуэ, мажэ псори щхьэхьу.

Псы яхьыну къакIуэ фызхэр,
пэгунитIыр я Iэдэжу,
лъэпэрапэр къэтэджыжу,
мажэ псори,
псым кIэлъыжэу...

Зыри зылъэщIимыгъэхьэу,
псым кIуэ пэтми зещI нэхъ
псынщIэ.
И ужь итхэри кIэлъожэ,
кIэлъожэ, зыр зым еIунщIу...

Къуажэм дэкIмэ,
губгъуэм ихьэу,
макIуэ, мажэ ахэр псори.
КъэмыувыIэу мажэ псыри,
псыри мажэ, малъэ щхьэхьэу.

Зэрызекъуэу,
кIийуэ-гуоуэ
псым и ужьым иту жэхэр
мэхъу нэхъыбэ,
къуажэ къэскIэ
къыщыхьхьэу цIыхухэр, жэмхэр...
Псыхъуэм дэмыхуэжу, нэпкъэм
тету макIуэ, мажэ, малъэ.
Псори щхьэхьу псым кIэлъоIэ,
хэти цIантхъуэу, хэти джалэу.

А щIэпхъуахэм якIэлъоджэ,
якIэлъоджэ удэхэр, жыгхэр:
- Псым тхужефIэ!
Псым тхужефIэ!
Фытхуелъэ Iу -
Къигъэзэжыну!
Фытхуелъэ Iу -
Къигъэзэжыну!

Шыуаныжьхэр, пэгунжьхэр,
шэрхъхэр, къэнжал улъияхэр,
примусыжь къутахэр, белу,
гъубжэу, джыдэу е шэмэджу
япэм щыта гъущIыкIэжьхэр,
къэп фIеижьхэр, -
кIэщIу жьыпIэм,
куэншыбыжьу дадэжь псори
пэрыхьэту псыхъуэм дэлъщи,
я пэм щIы имылъагъужу,
псым и ужьым иту жэхэр -
хэт ходжалэ куэншыбыжьым,
хэт мэщIантхъуэ-къотэджьыж,
мажэ псори,
псым кIэлъыжэу нуIауэ,
хьэшынтIатIым къыхопщыж...

Мажэ ахэр
псым кIэлъеIэу.
Ауэ псыри
къэмыувыIэ.

Мэзым носри, цыжьбанэр,
дыгъужьыр, тхъэкIумэкIыхьыр,
псоми япэ иту бажэр,
мыщэр, - мэзым щыпсэу псори
къахуохъу гъуэсэ:
псы хуэмей - тет мы дунейм?!

Зыри зылъэщIимыгъэхьэу,
псым кIуэ пэтми зещI нэхъ псынщIэ.
И ужь итхэр макIуэ-малъэ,
кIэлъожэ, зыр зым еIунщIу.

Носыжри, псыр долъеиж
ар къызэлъэу щыта Iуащхьэм.
И ужь итхэр къоувыIэж:
Iуащхьэр блыну къитщ я пащхьэм.

Хэт ирикуми -
зы кьымыкI:
бгым дэкIыну
зым лъэмыкI.

Зэхуэсахэр магъ, мэпыхьэ,
мэгурым, мэкъугъ гущIыхьэу,
мэкъакъэ, мэбу, мэхъущIэ, -
ящIэнур зи къэвгъэмыщIэ.

Абы хэту къызэхах
псым и макъыр:
- Сыт фыхуейт?
- Псым фIэкIа дэ дызыхуей
щыщымыIэ мы дунейм!
- ДолIа!
- ДолIапэ!
- Домэх!!!
- ЖыIэт, дебгъэфэну щIэх?

Зы тэлай дегъэкIри, псым:
- ФепIэт - псынщIэу фыпсэуфмэ.
- Хьэуэ, хьэуэ!
- Ар мыхъунщ!
- Псы емыфэу - хэт псэун?!

- Фязыхэзым и щIэжьейм
Сыхуэгуапэт:
«Си псэ, ей,
ефэ, си псэ,
ефэт си псым.
Ефи - уи фэр
хъуни дахэ.
Ефи - уи пкъыр
жынщ мымахэу:
хуаби щIыIи ишэчыфу,
хьэлъэ теплъхьэм иIыгъыфу».

Псоми зыжьэу:
- Пэжщ, дощIэж!
Псым:
- Фхэмыту пIэрэ фэ
Ар зыщызыгъэгъупщэж?

Псоми зыжьэу:
- Тхэткъым, тхэткъым!
Псым:
- Ар пэжмэ, фыджалэу,
фыкъыщыкэм - фигъэджалэу,
фыхэнэу-фыкьыхэпщыжу,
фигъэгуIэу,
фыкъиуIэу
фыкъызыпхыкIа фIей къомыр,
сызытхъэлэ куэншыбжьыр, -
хэту пIэрэ зи Iэужьыр!
ЗэхэвгъэкI:
хэт хейр, хэт мысэр?
Мысэр нахуэу къэвгумыси,
тефщIыхьыф абы суд захуи,
фIэзымыгъэкIыу, мис а махуэм
сэ фи деж нэзгъэзэжьынщ,
псыкIи фэ зывгъэнщIыжынщ!

**КЪЭЖЭР Хьэмид,**
*филологие щIэныгъэхэм я кандидат.*

# «Блэкlам къэгъазэ иlэкъым»

**спектаклыр Щоджэнщlыкlу Алий и цlэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым мэкъуауэгъуэм и 10-11-хэм япэу щагъэлъэгъуэнущ. Ар къытращIыкIащ Галин Александр и «Ретро» пьесэм.**

МЫ СПЕКТАКЛЫР жанркIэ трагикомедиещ. Ар игъэуващ режиссёр, сценарист, продюсер Елисыкъ Анзор. Абы зэрыжиIам кIэ, комедии трагедии къыпхуэщIыкIыну мы пьесэр бэлыхьащ, ауэ дызэхуэсрэ дыгушIыэу, дыдыхьэшхыу дызэбрыкIыжкIэ театрым и кьалэныр гъэзэщIа хъуну къильытэркъым. Режиссёрым трагикомедие игъэувмэ нэхъ къыщIищтари гурыIуэгъуэщ: пьесэм щIэлъ гупсысэр, абы и купщIэр нэхъ кууэ къыщIигъалъэмэ нэхъ къыщIащ. Сыту жыпIэмэ, театрым цIыхуэхэм я нэгу зригъэужьыи кьыдэкIуэу ахэр игъэсэни хуейщ. Мы спектаклым Iэмал имыIэу цIыхуэхэр зыщIигъэгупсысыжьынущ. Спектаклым щыджэгу артистхэри хэщIыпхьауэ къыхахащ, дэтхэнэри ирата ролым хуэфащэу. Ахэр Хьэщэ Къанщобий, ЖьакIэмыхъу КIунэ, Хьэмыкъу Жаннэ, Балъкъэр Тамарэ, Мысостышхуэ Маринэ, Тымыжь Владимир сымэщ.

Пьесэр ящыщ адыгэбзэкIэ зэридзэкIащ икIи яныкъуэ Iуэхугъуэхэр зэрихьэкIащ ди лъапкъым и гъащIэм, и псэукIэм, и дуней тетыкIэм нэхъ къезэгъуу. Абы къыщыIэтар нобэ адыгэр зыгъэгузавэ Iуэхугъуэщ. Ар теухуащ адэ-анэхэмрэ бынхэмрэ, нэхъыщIэм нэхъыжьым хуищIын хуей пщIэмрэ гулыитэмрэ, жьыгъэм, закъуэныгъэм.

- ЗэрытщIэщи, щIалэгъуалэр ахъшэ кьэлэжьыным нэхъ дехьэх, я щхьэ, я унагъуэр я пIыжьын щхьэкIэ. Ар хъарзынэщ, ауэ адэ-анэр нэхъапэ игъэщIын, гулытэ зэха яхуэщIын хуейщ. ЩIалэгъуалэм кьагурымыIуэу захуэу закъыщыхъужми, я нэхъыжьхэм я гум йоуэ. Нэхъ лъапIэ дыдэу ГъащIэм щIэр щIэщIэкIам, я адэ-анэр щащхьэщымытыжым е езыхэр жьы хуэ я нэужьщ ахэр щызыщIэгупсысыжьр, я щIыуагъэр къащIигурыIуэжьр. Ауэ блэкIам къэгъазэ иIэкъым. Аращи, щIалэгъуалэр зыщIэгъэгупсысыжьынырщ, гъэгу захуэ тегъуэвэнырщ мы лэжьыгъэр зыхуэзнэтIар. Ди Iуэху зэIумыбзыр дэр-дэру дгъэзэкIуэжьфу дыщытмэщ зыщыдужьынур, - жеIэ Анзор.

*ЕмкIуж Анзор теухауэ:* 1980 гъэм Налшык къыщалъхуащ. ГъуазджэхэмкIэ Кавказ ИщхьэрэФ къэрал институтыр, Захаров Марк режиссёрэмрэ сценаристкэмрэ щIэхъэзэрыр и курсхэр Москва къыщихьащ. Каитов Сергей и пьесэм къытрищIыкIа «Анэм и гур» спектаклыр диплом лэжьыгъэу игъэува нэужь, цIыхушхуэ зэхуишэу зыбжанэрэ игъэлъэгъуащ. Спектаклым щыджэгуащ артист цIэрыIуэхэу Мысостышхуэ Пщызэбий, ЖьакIэмыхъу КIунэ, Къумахуэ Мухьэдин, Хьэмырзэ Ахьмэд, КIэхъмахуэ ФатIимэ, Мысостышхуэ Маринэ сымэ.

Къыщынэмыщ Iауэ, Зыхьжьрокъуэ Сулътан и «На дискотеку», Цокlыл Азэмэт и «Зэман» уэрэдхэм я клипхэри аращ зи лэжьыгъэр.

Ди нобэрей зэманым пэджэж мы спектаклыр гъэщIэгъуэн фщыхьуну щыгугъыу фрагъэблагъэ. Ар щекIуэкIкIэ урысыбзэкIэ зэрадзэкIынущ.

**БЖЬЫХЬЭЛI Роэз.**

# Нэгъуэщl щlынальэхэми ягъакlуэ

● Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ

**Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым илъэс зыбжанэ хьуауэ щрагъэкIуэкI узынщагъэр щрагъэфIэкIуэж Iуэхущ Iапи Iэхэм щыIэ сабийхэм уаэрыдэлэжьэнум теухуа егъэджэныгъэщхьэхуэхэр. Апхуэдэ Iуэхур къызэрагъэпэщ КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щlэныгъэмрэ, щlалэгъуалэ Iуэхухэмкlэ и министерствэмрэ университетымрэ зэгъусэу.**

А IУЭХУМ хуеджа студенти 120-м курсыр кьызэраухам щыхьэт техьуэ тхьылъэр иджыблагъэ ираты-жащ, иджы абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыри хуитщ сабийхэм я узынщагъэр щрагъэфIэкIуэж, зыщагъэсэху санаторэхэмрэ лагерхэмрэ щылажьэну.

«Урысей студент отрядхэр» щIаэзгъуаеу урысей жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Щэфий Аслъэн къыщызыхигъэщамкIэ, апхуэдэ тхьылъэр зрата ныбжьыщIэхэр ди республикэм и мызакъуэуи, тенджыз ФIыцIэ Iуфэм щыIэ зыгъэпсэхупIэхэми щылажьэну Iэмал яIэщ. Апхуэдэу мы гъэм ахэр кIуэнущ Олимпийскым и щIыналъэм щыIэ спорт, узынщагъэр щрагъэфIэкIуэж лагерым.

- Курсым къокIуаIэ университетым и факультет зэхуэмыдэхэм щеджэхэр, - жиIащ Щэфийм. - Ди гуапэ зэрыхъури, апхуэдэ жэрдэм зиIэ студентхэм я бжыгъэм илъэс къэс къыхохьуэ. НыбжьыщIэхэр сыт хуэдэ гупми яхэзэгъэнущ, ахэр жьыджэрхэщ, езыхэм я дуней еплъыкIэ щхьэхуэ, гупсысэ гъэщIэгъуэнхэр яIэжу, нэхъыбэ къызэращIэным хущIэкъуу апхуэдэхэщ.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

*Сурэтыр* **Толгуров Камал** *трихащ.*

● ФIыщIэ

# Арэзы укъещI

«ЦIыхум и уасэр и лэжьыгъэрщ», - жеIэ пасэрейм. Налшык дэт эндокринологие сымаджэщым иджыблагъэ сыщIэзгъэти, дохутыр Тап Фаридэ и лэжьэкIэр згъэщIэгъуащ, гунэс сщыхъуащ. Къалэныщхуэ и пщэ кьыдэхуэми, ар пщэдджьыжьми пщыхьэщхьэми нэфIэгуфIэу, гуапэу кьытхьыхьэрт, ди гур хигъахъуэрт. Зыми и дежкIэ щэхукъым удохутыр Iэзэми, цIыху бгъэдэлъхьэкIэ, псэлъэкIэ умыщIэмэ, уи Iуэхущ Iафэм пщIэ щIагъуэ зэримыгъуэтыр. Сэ зи гугъу сщIы цIыхубзыр дагъуэ зыхуумыщIын дохутыр, фIыщIэ зыхуэфащэщ.

Сохъуэхъу хьэлэлу зи лэжьыгъэм пэрыт дохутырым и IуэхущIафэм и уасэ пщIэ игъуэтыжыну, Iэщ Iагъэл I ныбжьыщIэхэм я щапхъэу куэдрэ япэ итыну.

**ДЖЭДГЪАВЭ Анисэ.**
*Къаныишуей къуажэ*

*Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур мэкъуауэгъуэм и 7-рщ.*


**Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЩIЭ Мухьэмэд**

**Редколлегием хэтхэр**

**Жылаз Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Жьэкlэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Изэ.**

**Газетыр Iэ зэрыдзэхэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт эпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.**
**Тел.: 76-01-28, 76-01-10**

**Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатным и хуитныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ Iапи Iэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.**

**Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.**

**«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.**
**КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33**

**Тираж 4.687 ● Заказ №1095**

**Индексыр 51531 ● Щытрадзар сыхьэт 20.30-рщ.**

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и куэдзэ* **Къаншокъуэ Элэ**, *редактору* **НэщIэпыджэ Замирэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(1, 2, 6-нэ нап.),* **Мырзэкъан ФатIимэ** *(3, 4, 5-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ищIащ* **Мэлбахъуэ Анжелэ**, *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

**Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.**

**Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.30-рщ.**

**Редакцэм нэхъыщхьэ: Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5**

**Телефонхэр: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.**

**КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхущхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щIихабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ Iапи Iэхэм ядлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ Iапи Iэм -42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.**